| Содержание урока | Содержание урока соответствует основному содержанию программы и учебника |
| Методы обучения | Преобладают методы проблемного обучения, ориентированные на активизацию самостоятельности детей |
| Формы обучения | 1. На уроке применялись групповая, индивидуальная, коллективная формы работы, что способствовало решению основной дидактической задачи урока.<br>Все эти формы оправданы на всех этапах обучения |
| Результативность урока | Сформирована направленность на развитие ключевых компетенций: умение определять цели обучения, самоконтроль, развитие умения связно излагать мысли, формирование иноязычной компетенции, углубление интереса к предмету; умение работать в группе и самостоятельно.Учащиеся умеют вести диалог с партнером и преодолевать трудности для достижения намеченной цели; владеют навыками самоанализа и самооценки своей деятельности, т.е. решена основная дидактическая задача урока |
| Практическая направленность урока | Урок эмоционально окрашенный, динамичный, связный |
| Самостоятельная работа школьников как форма организации учебной деятельности | 1. Используются различные способы оценки и самооценки, рефлексии процесса и результата выполнения заданий; учащиеся самостоятельно создают способы решения проблем поискового характера.<br>2. Самостоятельная учебная деятельность носит творческий характер.<br>3. Обеспечиваются условия сотрудничества. |
| Формирование универсальных учебных действий на каждом этапе урока | *Личностные*:<br>формируются познавательные мотивы обучающихся; развивается мысленное воспроизведение ситуации.<br>*Регулятивные*: планируется алгоритм построения связного текста;<br>развиваются навыки самоанализа и самооценки деятельности.<br>*Коммуникативные*: наблюдается продуктивное взаимодействие обучающихся в решении поставленной задачи; учащиеся участвуют в небольших устных высказываниях.<br><br>*Познавательные*: учащиеся импровизируют, высказывают предположения, обсуждают проблемные вопросы; анализируют приобретенные знания на уроке. |

| | |
|---|---|
| Формирование ИКТ-компетентности | Применение ИКТ на уроке оправдано, уровень сформированности ИКТ компетентности учащихся высокий |
| Структура урока | **Структура урока** отражает целенаправленность, целостность и динамику образовательного процесса. **1.**Оганизационный момент – присутствует. **2.**Формулировка темы и цели – учитель использует индикатор (не называя картины, просит детей самим озаглавить её и пояснить своё название, т.е учащиеся активно вовлечены в процесс определения темы урока). **3.**Этап проверки домашнего задания – учащиеся, опираясь на текст, рассказывают о художнике. **4.**Этап всесторонней проверки знаний – учащиеся правильно определяют сюжетные картины, поясняя свой выбор. **5.**Этап подготовки уч-ся к активному усвоению знаний – весь алгоритм словарной работы; совместное составление плана описания. **6.** Этап усвоения новых знаний – построение связного текста с опорой на вопросы. **7.**Этап закрепления новых знаний – связный текст. **8.**Рефлексия – уч-ся делятся своими переживаниями и мыслями по поводу услышанного и увиденного. **9.**Этап информации о домашнем задании, инструктаж – учитель подробно объясняет содержание домашнего задания, даёт право выбора( слабые уч-ся могут просто ответить на вопросы). |
| Педагогический стиль | Учитель – хороший эмоциональный партнёр для учащихся на всех этапах урока, имеет педагогический такт, соблюдает нормы педагогической этики. |
| Использование современных образовательных технологий в процессе обучения преподаваемого предмета | На уроке применялись методы проблемного обучения, поисковый метод, разноуровневое обучение, исследовательский метод.<br>Формируемые компетенции: творческое овладение знаниями и умениями; умения самостоятельно исследовать изучаемую проблему и находить пути |

| | |
|---|---|
| | решения проблемы; умение работать в группе; формирование творческих способностей; развитие познавательной деятельности; умение реализовывать свои возможности<br><br>Эффекты, результативность использования образовательной технологии: развиваются мыслительные способности; повышается интерес к обучению; повышается самостоятельность учащихся; расширяется их мировоззрение; повышается уровень усвоения учащимися коммуникативных компетенций |
| Применение здоровьесберегающих технологий | Все задания были рационально распределены, были под силу учащимся, урок не был перегружен. |

# «Ӕрдз æмæ экологи»

(иумæйаг урок 7-æм къласы лæмæгъ къордты)

***Ахуыргæнæг Туаты Х.Х.***

***Дзæуджыхъæу 2017 аз***

**1.Индикатор.** Ахуыргæнæг æвдисы бæлас бæгънæг къалиутимæ, ахуырдзаутæ аразынц ассоциацитæ предметимæ, амонынц урочы темæ «Æрдз æмæ экологи»).Ахуыргæнæг æххуыс кæны урочы темæ сбæлвырд кæнынмæ.

**2. Дзырдуатон диктант (дефиницитæ):**

- Дон тынг куы фæхъæр кæны, бæрзонд уылæнтæй куы фæкæлы … **абухын, гуылф кæнын**
- Цæугæдон раивылы, бирæ дон … **æнхъæвзын**
- Æрдз чъизи кæнын, ома … **зиан хæссын**
- Къæвдайы фæстæ дон вæййы ахæм … **змæст**
- Йæ нымæц фæкъаддæр кæнын … **куынæг кæнын**
- Адæймагæн æмæ цæрæгойтæн пайда нæу, хæссы сын зиан … **маргджын**
- Бирæ, арæх **… парахатæй**
- Тыхимæ æрбацæуын … **лæбурын**

**3. Баххæст кæнын дзырдты кæрæттæ. Дзырдбæстыты хсæн равзарын урочы темæимæ баст дзырдбæстытæ. Саразын семæ хъуыдыйæдтæ.**

Кæсæн… цур лæууын, дыууæ денджыз… астæу, чызджы мад.. дзурын, хæххон цъитит… бæстæ, архайын кафджыты къорд…, адæйма(г)… дарæг, чысыл суадæтт… уынæр, цъæх быдырт… дидинджытæ, æвзист æхсæрдзæнт… хъæр, къæхдзоныгътыл бырын уын(г)… , хуыссы сынтæ(г)…, чъизи кæны денджызт… æмæ фурдт… дон.

**4. Фæрстытæн дзуапп раттын текстмæ гæсгæ**

1. Цæмæй тарстис адæймаг раджы заман?
2.Цавæр фæзындтытæй?
3.Цы лæвæрдта æрдз адæймагæн?
4.Цавæр уыдис адæймаг?
5. Цы ссардта уый?
6 Цавæр ссис адæймаг?
7.Цавæр зиан хæссы æрдзæн?
8.Цы у адæймаг æрдзæн?
9. Адæймаг ма тæрсы æрдзæй?

**5.Диалоджы репликæтæ баххæст кæнын.**

- ……… ?

-Дыууæ денджызы астæу –Хъаспы æмæ Сау денджызы.

-…….. ?

-Дыууæ хайыл: Цæгат Кавказ æмæ Фæскавказыл.

-………. ?

-Авд республикæйы.

-……….. ?

-Хъазыбеджы хох æмæ Эльбрусы хох.

-………….?

- Эльбрусы хох, 609 м бæрзонддæр.

**6. Х/к сбæрæг кæнын. (Æмдзæвгæ)**

**7.Текст бакæсын. Саразын цыбыр текст.**

**Кавказы** æрдз у тынг рæсугъд. Ардæм арæх цæуынц сыхаг паддзахæдты цæрджытæ æмæ дардбæстæгтæ. Кавказы ис бирæ цæугæдæттæ. Уыдонæй иу у Терк. Терчы гуырæнтæ сты Зилгæ хохы цъититы. Йæ дæттæ æнхъæвзынц цыппар республикæйы зæххытыл. Цæугæдоны фæндаджы дæргъ у 600 км фылдæр. Теркмæ кæлынц мингай чысыл цæугæдæттæ, йæхæдæг та кæлы Хъаспы денджызмæ. Алыхуызон куыстуæттæ пайда кæнынц маргджын хостæй æмæ зиан хæссынц Теркæн.

**8.Раст у æви раст нæу?**

- Кавказмæ æрцæуынц æрмæст сыхаг паддз. цæрджытæ …
- Терк ралæбуры Куырттаты комæй…
- Цæугæдон Терк æнхъæвзы цыппар республикæйы зæххытыл.
- Терчы гуырæнтæ сты Хъазыбеджы хохы цъититы.
- Цæугæдоны фæндаджы дæргъ у 500 км фылдæр.
- Терк кæлы Сау денджызмæ.
- Теркмæ кæлынц мингай чысыл цæугæдæттæ.
- Индустриалон æмæ хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ æнгом баст сты Теркимæ.
- Куыстуæттæ пайда кæнынц маргджын хостæй.
- Ацы куыстуæттæ зиан нæ хæссынц Терчы сыгъдæгдзинадæн.

**9.Кæронбæттæн. Хатдзæгтæ. Рефлекси.**

**Анализ урока №4 в соответствии с требованиями ФГОС**

**Дата:** 19.03. 17
**Класс, учитель:** 7«В», Туаева Х.Х.
**Количество учащихся в классе:** 13
**Присутствовали на уроке:** 13

**Тема урока-акции:** Экология и природа.
**Тип урока:** комбинированный с элементами творчества
**Дидактическая задача урока:** научить учащихся рассказывать в сжатой форме о экологическом положении рек Осетии.
**Цели урока (образовательная, воспитательная, развивающая)** диагностичны, измеряемы.

***Образовательные:***

– развивают умения учащихся пользоваться изученной лексикой в устной и письменной речи, опираясь на пройденный грамматический материал;
– активизируют и совершенствуют актуальный словарный запас обучающихся в диалогической и монологической речи; – решают коммуникативные задачи с различной степенью сложности

*Воспитательные*:
– развивают настойчивость и умение преодолевать трудности для достижения намеченной цели;
– активизируют познавательную инициативу обучающихся и формируют их социальную компетентность; – воспитывают чувство ответственности, гражданскую позицию; любовь к природе.

*Развивающие*:
– содействуют установлению в сознании ребенка устойчивых связей между накопленным и новым опытом познавательной и практической деятельности;
– формируют и развивают учебно-организационные умения и навыки (взаимоконтроль, самостоятельная работа, коллективная деятельность);
– развивают способность к рефлексии, как важнейшей составляющей умения учиться.

**Форма урока:** отбор и последовательность упражнений для формирования навыков и развития умений построения связного текста

| **Ведущие аспекты анализа урока** | **Содержание наблюдения** |
|---|---|
| Дидактическая задача урока (краткий оценочный анализ) | Дидактическая задача урока соответствует отобранному содержанию: учащиеся ставят учебные цели, ищут и используют необходимые средства и способы достижения, контролируют и оценивают процесс и результаты своей деятельности. |
| Содержание урока | Содержание урока соответствует основному содержанию программы и учебника, прослеживается связь с жизнью, практической деятельностью |
| Методы обучения | Предполагают включение уч-ся как субъектов деятельности на всех этапах урока; ориентированы на активизацию самостоятельности детей и раскрытие их творческого потенциала |
| Формы обучения | 1. На уроке применялись групповая, индивидуальная, коллективная формы работы, что способствовало решению основной дидактической задачи урока.<br>Все эти формы оправданы на всех этапах обучения |
| Результативность урока | Сформирована направленность на развитие ключевых компетенций: умение определять цели обучения, самоконтроль, развитие умения связно излагать мысли, формирование иноязычной компетенции, углубление интереса к предмету; умение работать в группе и самостоятельно.Учащиеся умеют вести диалог с партнером и преодолевать трудности для достижения намеченной цели; владеют навыками самоанализа и самооценки своей деятельности, т.е. решена основная дидактическая задача урока |
| Практическая направленность урока | Урок эмоционально окрашенный, динамичный, связный |
| Самостоятельная работа школьников как форма организации учебной деятельности | 1. Используются различные способы оценки и самооценки, рефлексии процесса и результата выполнения заданий; учащиеся самостоятельно создают способы решения проблем поискового характера.<br>2. Самостоятельная учебная деятельность носит творческий характер.<br>3. Обеспечиваются условия сотрудничества. |
| Формирование универсальных учебных действий на каждом этапе урока | *Личностные*:<br>формируются познавательные мотивы обучающихся; развивается мысленное воспроизведение ситуации.<br>*Регулятивные*: планируется алгоритм построения связного текста;<br>развиваются навыки самоанализа и самооценки деятельности.<br>*Коммуникативные*: наблюдается продуктивное взаимодействие обучающихся в решении |

| | |
|---|---|
| | поставленной задачи; учащиеся участвуют в диалогических и монологических высказываниях. *Познавательные*: учащиеся импровизируют, высказывают предположения, обсуждают проблемные вопросы; анализируют приобретенные знания на уроке. |
| Формирование ИКТ-компетентности | Применение ИКТ на уроке оправдано, уровень сформированности ИКТ компетентности учащихся высокий |
| Структура урока | **Структура урока** отражает целенаправленность, целостность и динамику образовательного процесса. **1.**Оганизационный момент – присутствует. **2.**Формулировка темы и цели – учитель использует индикатор (просит уч-ся назвать ассоциации на примере деревца с голыми веточками). **3.**Этап проверки домашнего задания – учащиеся, опираясь на выученные слова, пишут диктант (использование дефиниций). **4.**Этап всесторонней проверки знаний – учащиеся правильно выбирают нужные словосочетания, связанные с содержанием текста. **5.**Этап подготовки уч-ся к активному усвоению знаний – отвечают на заданные вопросы по тексту. **6.** Этап усвоения новых знаний –дополнить диалог нужными репликами . **7.**Этап закрепления новых знаний – построение связного сжатого текста; игровая форма работы – выбор правильного ответа. **8.** Этап созидания **-**повторное составление ассоциаций (цветущее деревце) и сравнение их с первыми. **9.** Этап творчества – составление синквейна. **10.**Рефлексия – уч-ся высказывают свои мысли и переживания по поводу услышанного и увиденного). **11.**Этап подведения итогов – уч-ся формулируют свои выводы о необходимости защиты природы и сохранения её для будущих поколений. **12.**Этап информации о домашнем задании, инструктаж – учитель подробно объясняет содержание домашнего задания, даёт право выбора слабым уч-ся. |
| Педагогический стиль | Учитель – хороший эмоциональный партнёр для учащихся на всех этапах урока, имеет педагогический такт, соблюдает нормы педагогической этики. |

| | |
|---|---|
| | защиты природы и сохранения её для будущих поколений. **12.**Этап информации о домашнем задании, инструктаж – учитель подробно объясняет содержание домашнего задания, даёт право выбора слабым уч-ся. |
| Педагогический стиль | Учитель – хороший эмоциональный партнёр для учащихся на всех этапах урока, имеет педагогический такт, соблюдает нормы педагогической этики. |
| Использование современных образовательных технологий в процессе обучения преподаваемого предмета | На уроке применялись методы проблемного обучения, поисковый метод, «мозговой штурм», разноуровневое обучение, исследовательский метод, творческий метод, метод созидания.<br><br>Формируемые компетенции: творческое овладение знаниями и умениями; умения самостоятельно исследовать изучаемую проблему и находить пути решения проблемы; умение работать в группе; формирование творческих способностей; развитие познавательной деятельности; умение реализовывать свои возможности<br><br>Эффекты, результативность использования образовательной технологии: развиваются мыслительные способности; повышается интерес к обучению; повышается самостоятельность учащихся; расширяется их мировоззрение; повышается уровень усвоения учащимися коммуникативных компетенций |
| Применение здоровьесберегающих технологий | Задания были рационально распределены, урок не был перегружен. |

**Мæргътæ –**

**æрдзы фидауц**

**(интеграцион урок)**

**6-æм кълас (лæмæгъ къордтæ)**

**Ахуыргæнæг Туаты Х.Х.**

***Урочы темæ: Мæргътæ – æрдзы фидауц***

Диалогон æмæ монологон ныхасы рæзтыл куыст.

Грамматикон æрмæг: фæсæвæрдты растæвæрд дзырдбæстыты æмæ хъуыдыйæдты (фæлхат).

***Урочы нысантæ:***

**Ахуырадон:**фæцалх кæнын ахуырдзауты монологон æмæ диалогон ныхасы мидæг бæлвырд лексикон æрмæгæй пайда кæнынил; ныхасы арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын; бæлвырд темæйы фæдыл (мæргъты тыххæй) дзурын хи хъуыдытæ дзурын; диалогон æмæ монологон ныхас аразынил кусын; фæсæвæрдты раст æвæрд дзырдбæстыты æмæ хъуыдыйæдты сфæлхат кæнын.

**Хъомыладон:**ахуырдзауты эстетикон дуне фæхъæздыгдæр кæнынил бакусын; сæ эстетикон æнкъарæнтæ рæзын кæнын; ахуыр сæ кæнын æрдз æмæ мæргътæ хъахъхъæнын;

**Райрæзтон:**ирон æвзагмæ тырнындзинад рæзын кæнын; эмоционалон æнкъарæнтæ рæзын кæнын; хатдзæгтæ кæнын;

***Куысты хуызтæ:*** лексикон æмæ грамматикон фæлтæрæнтæ; хъæзтытæ; диалогыл куыст; интерактивон фæйнæгимæ куыст.

***Урочы фæлгонц:*** фæйнæгыл фыст; текстытæ; интерактивон фæйнæг; цæстуынгæ æрмæг; классикон музыкæ.

***Урочы цыд***

**<u>Организацион хай</u>**

**Индикатор.** Хъуысы классикон музыкæ (Вивальди «Афæдзы афонтæ. Уалдзæг»). Ахуыргæнæг: Акæсут-ма рудзынгæй æмæ зæгъут, цæмæй бæрæг у, уалдзæг æрцы дис,уый? Сывæллæтты дзуæппытæ: «хур тавы», «бæлæстыл фæзындис сыфтæр», «кæрдæг фæцъæх», …, …, …, «цъиутæ зарынц». Ахуыргæнæджы эмоционалон разныхас уалдзæджы тыххæй.

**1.Хъазт «Хорз æмæ æвзæр синоптик».** Ахуырдзаутæй 1-аг раст дзуры 2-аг та раст нæ дзуры боныхъæды тыххæй, 3-аг æй раст кæны.

Ахуыргæнæг бæтты сывæллæтты ныхæстæ урочы темæимæ, æвæры ахуырдзауты размæ урочы нысантæ. **(1слайд)**

**2. Интерактивон фæйнæгимæ куыст. Ассоциацитæ.** Фæйнæгыл æвдыст цæуынц,сывæллæттæ кæй зонынц,уыцы мæргъты нывтæ. Ахуырдзаутæ дзурынц, уыцы маргъимæ цы ассоциацитæ баст сты, уыдон.(Зæгъæм: *кæсаглас* - хæры кæсæгтæ; доны был; даргъ къæхтæ; зылын къубал æмæ а. д.).**(2-16 слайдтæ)**

3. **Хъазт «Фыдуаг цъиу».** Нывгонд бæласыл, куы иу ран, куы иннæ ран абады цъиу (магнитыл конд).Скъоладзаутæ фæсæвæрдтæй пайда кæнгæйæ дзурынц, цъиу цы ран абады,уый. Хъазты размæ сфæлхатын хъæуы грамматикон æрмæг: куыд æвæрд цæуынц дзыдбæстыты фæсæвæрдтæ (***раз, цур, фарсмæ, фæстæ размæ, сæр, бын, æхсæн***), цавæр хауæны æвæрд сты, семæ цы номдартæ баст сты,уыдон.

**4. Текстыл куыст. «Сауцъиуты ног хæдзар».** (Куысты размæ фонетикон зарядкæ скæнын: скъоладзаутæ иумæ дзурынц, тексты цы кавказаг мыртæ æмбæлынц,уыдон.)

***<u>Хæслæвæрд</u>*: текст бакæсын æмæ зæгъын, тексты пълан раст арæзт у æви нæу.Пълан сраст кæнын . **(21 слайд)**

**Сауцъиуты ног хæдзар**

Аланæн йæ дада æмæ йæ нана цæрынц хъæуы. Сæ кæрты астæу зайы стыр кæрдо бæлас.Фарон уыцы бæласыл лæппу æрцауыгъта цъиутæн гыццыл хъæдын хæдзар. Уалдзæджы дзы æрцардысты сауцъиутæ. Ацы аз дæр та мæргътæ сæ зæронд бынатмæ æртахтысты.

Иу райсом Алан разгъордта кæртмæ. Сауцъиутæ удаистæй хъæр кодтой: фыдуаг сырддонцъиутæ сын сæ хæдзар байстой. Лæппу йæ фыдæн лæгъстæ кæнын райдыдта: «Баба, цæй, æмæ цъиутæн ног хæдзар саразæм». Фыд сразы ис.

Алан райста дзæбуг, зæгæлтæ æмæ фæйнæджытæ. Сихормæ фыд æмæ фырт сæ куыст фесты.

Дыккаг бон лæппу касти, сауцъиутæ сæ ног хæдзары сæр куыд цъыбар –цъыбур кæнынц, уымæ, æмæ цин кодта.

***<u>Тексты пълан</u>*:**

**1.**Лæппу цин кодта.
**2.**Сауцъиутæ сæ ног хæдзары сæр цъыбар-цъыбур кодтой.
**3.** Алан æрцауыгъта зæронд кæрдо бæласыл цъиутæн хæдзар.

**4.**Алан æмæ йæ фыд саразтой мæргътæн ног хæдзар.
**5.**Уалдзæджы дзы æрцардысты сауцъиутæ.
**6.**Сырддонцъиутæ байстой сауцъиуты хæдзар.

**5.Физ/минуткæ.**

*Хъазæн асастис йæ сис,*
*Систа уæд нæ хъаз фæдис.*
*-Ма хъæр кæн, æгъгъæд у, цæй!*
*Гино нын кæны фынæй.*
**6.Нывимæ куыст.** Лæвæрд фарстон дзырдтимæ саразын фарстон хъуыдыйæдтæ,ныффыссын сæ æмæ сын дзуæппытæ раттын.**( 22 слайд)**

**7.Аудировани.** *Хæслæвæрд*: байхъусын аргъаумæ æмæ фæрстытæн дзуæппытæ раттын. Æрхъуыды кæнын аръауæн сæргонд æмæ æндæр кæрон **( 23 слайд)**

**Аргъау**

Иу лæджы хæдзары цардысты тути æмæ булæмæргъ. Тути уыди уардихуыз, йæ базыртæ æмæ йæ къæдзил та уыдысты æрвхуыз.
Маргъ йæхицæй æппæлыди:
-Мæнæй рæсугъддæр æмæ зондджындæр нæй зæххыл. Æз зонын дзурын.
Бинонтæй цыдæр ныхастæ фехъуысто æмæ сæ бон-изæрмæ дзырдта: -Æххормаг дæн… Æххормаг дæн … Тынг æххормаг дæн…
Тути арæх худтис булæмæргъыл: - Ды та цы маргъ дæ?! Дзурын нæ зоныс… Фыдынд…
Фæлæ иу бон булæмæргъ ныззарыди.Афтæ рæсугъд уыди йæ зард, æмæ хæдзары хицау загъта: - Атæх,булæмæргъ,æмæ зар дæ диссаджы зарджытæ адæмæн! Лæг ауагъта маргъы.
Тути та ма абон дæр дзуры: - Æххормаг дæн… Æххормаг дæн… Тынг æххормаг дæн…
**Фæрстытæ**:
Цæмæн ауагъта лæг булæмæргъы?

Кæцы цъиу фæцыдис тынгдæр уæ зæрдæмæ?
Цæмæн? Аргъауæн ног кæрон æрхъуыды кæнын.

**8.Х/куыст сбæрæг кæнын**. Ахуырдзаутæ дзурынц Брытъиаты Аслæнбеджы æмдзæвгæ зæрдывæрдæй. **Бакусын мелодикæ æмæ интонацийыл.**
**Зæрватыкк**
Уалдзæджы мæ рузынгмæ
Сау зæрватыкк бафты.
Зары, зары хъæлдзæгæй,
Ахстон та дзы уафы.
Телы хъæды телтыл та

Улæфы фæлладæй,
Раст цыма уый нотæ у,-
Афтæ сыл æрбады.
Уыдонæй мын адджындæр
Мæргътæй нæй нæ зæххыл.
Раст цыма мæхæдæг дæр
Семæ арвмæ стæхын.

**9.Диалогыл куыст.** Скъоладзаутæ хъуамæ кæронмæ ахæццæ кæной диалог, баххæст æй кæной хи репликæтæй. **(24 слайд)**

**10.Хъазт «Цавæр цъиу у?».** Чыргъæды æвæрд сты алыхуызон цъиуты нывтæ. Сывæллæттæй иу равзары цъиуы ныв, нæ йæ ‘вдисы, афтæмæй, иннæтæ та хъуамæ базоной фæрстыты руаджы, цавæр цъиу у, уый.
***Хуызæг:***

*Уый гыццыл цъиу у æви стыр? Йæ къæдзил даргъ у æви цыбыр? Уый кæртæй хоры гагатæ фæдавы? æмæ а.д. Цъиуы ном чи базоны, уый «дидинæфтауæг бæласыл» æрцауындзы маргъы ныв.*

**11.Хъомыладон беседæ.** Ахуыргæнæг фæрсы сывæллæтты сæ уарзон цъиуты тыххæй. Скъоладзау хъуамæ зæгъа, цæмæн цæуы йæ зæрдæмæ уыцы маргъ, уый. Ахуыргæнæг аразы беседæ сывæллæттимæ, мæргътæн æрдзы цы ахадындзинад ис, уый тыххæй. Скъоладзаутæ хъуамæ ахуыргæнæджы

руаджы скæной хатдзæг, мæргътæ хъахъхъæнын кæй хъæуы æмæ сын зымæджы æххуыс кæй хъæуы, уый тыххæй.**( 25 слайд)**

**12.Кæронбæттæн. Рефлекси.** Скъ-тæ дзурынц, ногæй цы базыдтой, сæ зæрдæмæ цы фæцыдис æмæ цы нæ фæцыдис урочы, уый тыххæй.

**13.<u>Х/куыст</u>:** (тыхджын ахуырдзаутæн) хи ныхæстæй текст дзурын; (лæмæгъ ахуырдзаутæн) фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.

**Анализ урока №5 в соответствии с требованиями ФГОС**

**Дата:** 20.04. 18г
**Класс, учитель:** 6 «В», Туаева Х.Х.
**Количество учащихся в классе:** 17
**Присутствовали на уроке:** 16

**Тема интегрированного урока "Птицы – украшение природы" (Мæргътæ – ардзы фидауц"). Обобщающий урок.**
**Дидактическая задача урока:** научить учащихся рассказывать о птицах Осетии.
**Цели урока (образовательная, воспитательная, развивающая)** диагностичны, измеряемы.

***Образовательные:***

– развивают умения учащихся пользоваться изученной лексикой в устной и письменной речи, опираясь на пройденный грамматический материал;
– активизируют и совершенствуют актуальный словарный запас обучающихся в диалогической и монологической речи; – решают коммуникативные задачи с различной степенью сложности

*Воспитательные*:
– развивают настойчивость и умение преодолевать трудности для достижения намеченной цели;
– активизируют познавательную инициативу обучающихся и формируют их социальную компетентность; – воспитывают чувство прекрасного; любовь к природе.

*Развивающие*:
– содействуют установлению в сознании ребенка устойчивых связей между накопленным и новым опытом познавательной и практической деятельности;
– формируют и развивают учебно-организационные умения и навыки (взаимоконтроль, самостоятельная работа, коллективная деятельность);
– развивают способность к рефлексии, как важнейшей составляющей умения учиться.

**Форма урока:** отбор и последовательность упражнений для формирования навыков и развития умений говорения на определённую тему.

| Ведущие аспекты анализа урока | Содержание наблюдения |
|---|---|
| Дидактическая задача урока (краткий оценочный анализ) | Дидактическая задача урока соответствует отобранному содержанию: учащиеся ставят учебные цели, ищут и используют необходимые средства и способы достижения, контролируют и оценивают процесс и результаты своей деятельности. |
| Содержание урока | Содержание урока соответствует основному содержанию программы и учебника, прослеживается связь с жизнью, практической деятельностью |
| Методы обучения | Предполагают включение уч-ся как субъектов деятельности на всех этапах урока; ориентированы на активизацию самостоятельности детей и раскрытие их творческого потенциала |
| Формы обучения | 1. На уроке применялись групповая, индивидуальная, коллективная формы работы, что способствовало решению основной дидактической задачи урока.<br>Все эти формы оправданы на всех этапах обучения |
| Результативность урока | Сформирована направленность на развитие ключевых компетенций: умение определять цели обучения, самоконтроль, развитие умения связно излагать мысли, формирование иноязычной компетенции, углубление интереса к предмету; умение работать в группе и самостоятельно.Учащиеся умеют вести диалог с партнером и преодолевать трудности для достижения намеченной цели; владеют навыками самоанализа и самооценки своей деятельности, т.е. решена основная дидактическая задача урока |
| Практическая направленность урока | Урок эмоционально окрашенный, динамичный, связный |
| Самостоятельная работа школьников как форма организации учебной деятельности | 1. Используются различные способы оценки и самооценки, рефлексии процесса и результата выполнения заданий; учащиеся самостоятельно создают способы решения проблем поискового характера.<br>2. Самостоятельная учебная деятельность носит творческий характер.<br>3. Обеспечиваются условия сотрудничества. |
| Формирование универсальных учебных действий на каждом этапе урока | *Личностные*:<br>формируются познавательные мотивы обучающихся; развивается мысленное |

| | |
|---|---|
| | воспроизведение ситуации.<br>*Регулятивные*: планируется алгоритм построения связного текста; развиваются навыки самоанализа и самооценки деятельности.<br>*Коммуникативные*: наблюдается продуктивное взаимодействие обучающихся в решении поставленной задачи; учащиеся участвуют в диалогических и монологических высказываниях. *Познавательные*: учащиеся импровизируют, высказывают предположения, обсуждают проблемные вопросы; анализируют приобретенные знания на уроке. |
| Формирование ИКТ-компетентности | Применение ИКТ на уроке оправдано, уровень сформированности ИКТ компетентности учащихся высокий |
| Структура урока | **Структура урока** отражает целенаправленность, целостность и динамику образовательного процесса. **1.**Оганизационный момент – присутствует. **2.**Формулировка темы и цели – учитель использует индикатор (просит уч-ся посмотреть в окно и назвать приметы весны). **3.**Этап повторения и закрепления изученной лексики – игра "Плохой и хороший синоптик"; уч-ся составляют словосочетания с опорой на картинку (слайды с птицами); **4.**Этап проверки усвоения грамматического материала (послелоги) – игра "Где прячется птичка?"( уч-ся называют предложения с послелогами *возле, около, рядом, за, перед* и т. д.) **5.** Этап всесторонней проверки знаний – учащиеся правильно оформляют план текста. **6.**Этап подготовки уч-ся к активному усвоению знаний – составляют вопросительные предложения (используя данные вопросительные слова) к картинке и задают их друг другу (на картинке дети мастерят скворечник).. **7.** Этап усвоения новых знаний –аудирование – учащиеся отвечают на заданные вопросы по аудиотексту, придумывают заголовок к тексту и новый конец сказки.**7.**Этап проверки д/задания – чтение наизусть стихотворения "Ласточка". выбор правильного ответа. **8.** Этап закрепления усвоенных лексических единиц – восполнение реплик диалога; игра "Что это за птица?" (один загадывает птицу, другие с помощью наводящих вопросов пытаются отгадать, о какой птице идёт речь). **9.** Этап творчества – составление синквейна. **10.**Рефлексия – уч-ся высказывают свои мысли и переживания по поводу услышанного и увиденного).<br><br>**11.**Этап подведения итогов – уч-ся формулируют свои выводы о необходимости |

| | |
|---|---|
| | защиты природы и птиц. **12.**Этап информации о домашнем задании, инструктаж – учитель подробно объясняет содержание домашнего задания, даёт право выбора слабым уч-ся. |
| Педагогический стиль | Учитель – хороший эмоциональный партнёр для учащихся на всех этапах урока, имеет педагогический такт, соблюдает нормы педагогической этики. |
| Использование современных образовательных технологий в процессе обучения преподаваемого предмета | На уроке применялись методы проблемного обучения, поисковый метод, «мозговой штурм», разноуровневое обучение, исследовательский метод, творческий метод.<br><br>Формируемые компетенции: творческое овладение знаниями и умениями; умения самостоятельно исследовать изучаемую проблему и находить пути решения проблемы; умение работать в группе; формирование творческих способностей; развитие познавательной деятельности; умение реализовывать свои возможности<br><br>Эффекты, результативность использования образовательной технологии: развиваются мыслительные способности; повышается интерес к обучению; повышается самостоятельность учащихся; расширяется их мировоззрение; повышается уровень усвоения учащимися коммуникативных компетенций |
| Применение здоровьесберегающих технологий | Задания были рационально распределены, урок не был перегружен. |

Министерство образования и науки
Республики Северная Осетия-Алания

*Удостоверение является документом Государственного бюджетного образовательного учреждения дополнительного профессионального образования «Северо-Осетинский республиканский институт повышения квалификации работников образования»*
*о повышении квалификации*

Регистрационный номер

1550

Город
Владикавказ

Дата выдачи

17.06.2017г.

# УДОСТОВЕРЕНИЕ

**О ПОВЫШЕНИИ КВАЛИФИКАЦИИ**

Настоящее удостоверение свидетельствует о том, что

Туаева
Хадизат Хазбиевна
с 01.06.2017г. по 17.06.2017г.

прошел (а) обучение в (на) ГБОУ ДПО СОРИПКРО
лицензия Министерства образования и науки Республики Северная Осетия-Алания серия 15Л01 № 0001196, регистрационный № 2276 от 1 марта 2016г.

по дополнительной профессиональной образовательной программе

**«Развитие профессиональных компетенций педагогических работников (учителей осетинского языка и литературы) в контексте требований ФГОС»**

в объеме 108/14 часов

*Руководитель* Л.С.Исакова

М.П.

*Секретарь*

# Доклад

«Не`взаг- нœ уд, нœ цœст»

Ахуыргœнœг: Туаты Х. Х.

## НЕ ʻВЗАГ — НÆ УД, НÆ ЦÆСТ

Фæстаг рæстæджы бирæ ныхас цæуы не ʻвзаджы тыххæй. Дзурæм иуулдæр, хъæр кæнæм фæйнæрдæм: не ʻвзаг сæфы! Æмæ дæнцæн æрхæссæм, фылдæр уырыссаг дзырдтæ кæм и, къаддæр — ирон, ахæм хæццæ-мæццæ ныхасы скъуыддзæгтæ. Афтæ ныхас кæны, ома уырыссаг-ирон хæццæ, нæ горæтты цæрджыты фылдæр хай. Хъæуты хабар нырма хуыздæр у, фæлæ, хъæуты дæр куы рахизой ахæм ныхасмæ, уымæй тас у, уымæн æмæ мах, ирон адæм, фæзмæг адæм стæм — искæй цы бафæзмæм, уымæй хуыздæр нæм ницы кæсы. Фæзмæг æмæ ноджы стырзæрдæ: ницæмæй тæрсæм, нæ зæрдæ ницæуыл риссын кæнæм, развæлгъау истæуыл батыхсæм, уыцы æгъдау нæм нæй. Стæй ныл куы æрцæуы, цы æрцæуинаг ныл вæййы, уый, уæд та æнцайгæ нал фæкæнæм нæ еу-додойæ.

Афтæ уыдысты нæ фыдæлтæ, афтæ стæм мах дæр.

Не ʻвзаг рагон æвзаг кæй у, уый алчидæр зоны. Хæххон донау йæхи цæгъдгæ фæцыди йæ дард фæндæгтыл æмæ нæм йæ рæууон улæфт æмæ йæ удрæвдауæг азæлд æрхаста. Æмæ йыл цы арф хъуыды нæй рафæлгъауæн æмæ йыл цы удæнкъарæн нæй равдисæн!

Абайты Васо афтæ фыссы уый тыххæй: «Ирон æвзаг у хъуыдытæ æмæ æнкъарæнты тæккæ æлвæстдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм коммæгæс хотых».

Уый æнæмæнг афтæ кæй у, уый иттæг бæлвырдæй зыны Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр»-ы. Уым цы хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ снывæзта Къоста, уыдон дунейы стыр адæмты стыр æвзæгтæм дæр нæ комынц тæлмац кæнын.

Уæддæр иу-къорд азы размæ нæ ирон ахургæндтæй иу фæсарæйнаг уацхæссæгæн ахæм хъуыды загъта, ома, дам, ирон æвзаг «наукон æвзаг нæу», хæдзарон-бынæттон æвзаг, дам, у, «наукон чингуытæ фыссын», дам, ыл нæй.

Зонадон чингуытæ ирон æвзагыл фыст бирæ ис. Æмæ нæ ахуыр лæг раст нæ загъта, не ʻвзаг нын цæсты бафтыдта. Не ʼвзагыл хорз зонадон куыстытæ фыссæн кæй ис, уыцы хъуыддагæн иттæг хорз æвдисæн у, зæгъæм, Сиукъаты Никъалайы чиныг «Дуне нæ алфæмбылай». Ацы чиныджы, нæ алыварс цы стыр дуне и, цæргæ-цæрæнбонты дæр,

Фæстаг рæстæджы, мæнæ нын уырыссаг æвзаджы тæваг куы стых не ʼвзагыл, уæд, Къостайы загъдау, фæхæст стæм хæйрæгыл — хъуыды кæнын райдыдтам уырыссагау, аразæм уырыссаг хъуыдыйæдтæ æмæ сæ тæлмац кæнæм иронмæ. афтæмæй хъуыдыйад йæ удыскондæй баззайы уырыссаг. Ирон хъуыдыйады хуызæнæй йæм ницы вæййы. Ирон дзырды ад дзы нæ фæцæуы. Уыцы хъуыддаг, ома уырыссагау кæй хъуыды кæнæм, уый нæм йæ фæдыл ласы иу фыдбылызы «дзинад», æмæ, æнæхуыздæр хæдзары хуымыл хæмпæлгæрдæг куы стых уа, афтæ нын стых и неʼвзагыл.

Мæнæ цалдæр цæвиттоны (цæвиттонтæ ист сты газет «Рæстдзинад»-æй — цæвиттонтæ дæ уыйас дæр хъæуæд!): «Ныхас чысыл амалхъомдзинады фарстатыл» (ставдфыст сæргонд). «Цæлыккаты Ахмæты зонд æмæ хъæппæрисдзинады руаджы нысангонд æрцыд 1-аг съезд Уæрæсейы пысылмон адæмтæн». «Фæлæ Хуыцауы дзуарыбон адæм сæ цæст æрæвæрдтой, ирон разгæмттæ æмæ цухъхъаты сæ разы цы скъоладзаутæ лæууыдысты, уыдоныл, сæ уæздандзинадыл, сæ ирондзинадыл». «Фыдыбæстыл иузæрдиондзинады хъуыддаджы йæ лæгдзинад, йæ зонд, йæ хъару æмæ йæ хæстон кад дæлдæр макуы æрхауæд». «Секъа æмæ Хъазбеги иу таурæгъæй спайда кодтой æмæ сæ уацмысты æмхуызондзинæдтæ уый тыххæй æмбæлынц». «Ацы ныхæсты фæстæ йын йæ цæсгомыл бафиппайдтон æнкъарддзинад». «Афтæ фæзæгъынц, циндзинад алкæуыл нæ цæуы, зиан та — алкæуыл дæр».

Хорз уыд уæддæр, æмæ ацы фæстаг хъуыдыйады автор «зиандзинад» нæ загъта. Фæлæ, цымæ, кæд «зиан» ис зæгъæн æнæ «дзинад», уæд «цин» цæй тыххæй нæй зæгъæн? Æви уыцы цинæл фæсте къæдзил куы аныхасай, уæд æхсызгондæр у лæгæн?

Цы хъуыдыйæдтæ æрхастон, уыдонæн се ʼппæтæн дæр зæгъæн дæр уыд æмæ ныффыссын дæр æнæ «дзинад», се ʼппæтæй дæр саразын уыд ирон хъуыдыйæдтæ, ирон дзырд кæцæй хъуыса, ирон зыланг кæцæй цæуа, ахæмтæ, фæлæ уый тыххæй хъæуы иронау хъуыды кæнын, ирон дзырды улæфт æмбарын, ирон хъуыдыйады арæзт зонын. Æз афтæ нæ зæгъын æмæ бынтондæр ма уадзæм не ʼвзагмæ «дзинад», уый гæнæн нæй. Фæлæ йæ хъæуа-нæ хъæуа, уæддæр ма тъыссæм не ʼвзаджы. Уый та уæд уыдзæни, æмæ уырыссагау куы нæ хъуыды кæнæм. Хетæгкаты Къостайæн йæ «Ирон фæндыры» дæр, йæ иннæ уацмысты дæр «дзинад» æмбæлы бæрцæй, бæрæг у — йæхи дзы хызта. Уæддæр ныффыста:

«Дунейы хæрзтæй хуыздæр мæм куы кæсид

Уарзондзинад!»

Дзырд «уарзон»-ыл йæхи руаджы баныхæста «дзинад», раджы йæ сфыдынд кодта, стæй йæ ууыл дæр нæ ныууагъта, фæлæ ма йын цыма йæ хъуыдыйæ дæр фæкайдта, фæуæлæнгайдæр ын кодта йæ хъуыды, фæихсыддæр, цыма дзы æцæг уарзт нал и, фæлæ цыдæр «дзинадгонд» чи уа, ахæм уарзт: уарзондзинад, уарзон нæ фæлæ уарзондзинад. Уæддæр дзы Къоста йæхи хызта, ома «дзинад»-æй, загътон æмæ уымæн ахæм цæвиттон æрхæссын у мæ бон:

«Фесæф, фесæф, цард,

Сау лæппуимæ,

Тагъд дæлдзæх фæу

Ме 'намондимæ!»

Ныр ацы строфайы фæстаг рæнхъ чи фыссид, уый йыл «дзинад» бафтауид, уымæ «ме 'намонд» цыдæр хъуаг фæкæсид æнæ уыцы «дзинад». Плиты Грис та афтæ фыста: «Ме 'взонг баззад карз хæсты цæхæры». «Ме 'взонгдзинад» нæ фæлæ ме 'взонг, æмæ бирæ фидардæр æмæ бирæ ирондæр у рæнхъ афтæмæй.

Æмæ бырсы уыцы «дзинад» не 'взагмæ — бæз-бæз дзы кæнынц нæ газеттæ, нæ журналтæ, нæ чингуытæ. Уыдон фæзмынц адæм. Иу фынджы хистæры куывдтыты мæнæ цы диссæгтæ уыди: «Нæ фысымты бæркаддзинад бирæ уæд! Буцдзинады æфхæрддзинад нæй æмæ æфхæрддзинад макуы фенæнт! Сæ кæрдзындæттондзинадттæй дæр хъуыстгонд у, æмæ сын уыцы хорздзинад Хуыцау сæ къухæй макуы айсæд! Махæн та сыл нæ арфæдзинад æрцæуæд!» Æмæ цы хъуыдыйы нæ тъыста æмæ цы дзырдыл нæ баста уыцы æнæхайыры «дзинад»! Æвæццæгæн æм афтæ каст — уымæй, ома «дзинад»-æй рæсугъддæр, ныриккондæр, культуррондæр кодта йæ куывдтытæ, цæмæй йын бадты адæммæ хуыздæр фæкæсой, сæ зæрдæмæ тынгдæр бахъарой. Уый цæмæй зыдта æмæ халгæ кæны йæ куывдытæ, æнаив, æнæкультурон сæ кæны.

Æмæ, бæргæ, уыцы хистæртæ иутæ 'мæ дыууæтæ куы уаиккой, уæд сæ кой кæнын дæр ницæмæн хъæуы, фæлæ нын мыд ныччынди «дзинад»-ыл æмæ йæм нæ бæттæнтæ тонæм стырæй-гыццылæй, ахуырæй-æнахуырæй. Æндæр цы хуызы хъуамæ ссæуа ирон лæджы дзыхæй мæнæ ахæм хъуыдыйæдтæ: «Æртæйæ дæр райстой уæлдæр ахуыргонддзинад». «Стæй ма иу диссаг: уæлдæр ахуыргонддзинад кæмæ и, уыдон цæрынц, астæуыккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдонæй фылдæр». Иры дзырдтой: «æххæст ахуыр», «уæлдæр ахуыр» — уыцы дзæбæх дзырдтæ лæджы зæрдæйыл хур кæмæй бакæсы. Уæд ма сæ уыцы «гонддзинад» цæмæ бахъуыди?! Æмæ нын куыд

фыдуынд æмæ куыд гуылмыз кæны нæ фарны дзырд?! Козбаудзинад, чъындыдзинад, æрвонгдзинад, хæрæфыртдзинад, æййафындзинад æмæ цы нæ «дзинад» бакæсдзæн æмæ фехъусдзæн лæг! Уд сæ рагъæнмæ хизинаг фæвæййы.

Афтæ у мыр «Хъ»-йы хъуыддаг дæр. Ацы мыр, æвзагиртасджытæ куыд дзурынц, афтæмæй аланты æвзаджы æппындæр нæ уыди. Фæлæ нæ фыдæлтæ ам, Кавказы куы æрбынат кодтой, уæд нæм нæ сыхæгты «хъ»-джын æвзæгтæй æрбабырста. Ацы хъуыддаг, ома «хъ» не 'взаджы кæй сарæх, уый тынгдæр зыны быдыры хъæуты, мæнæ, астæуукаг Ир кæй хонынц, уым, æндæр нæдæр Дыгургомы ракодта ахæм знаггад, нæдæр хуссар Иры. Ам, быдыры, цæмæйдæр бауарзтой уыцы «хъ» æмæ йæ стыр æхсысгонæн дзурынц, нæ дзæбæх, нæ зыланггæнаг мыртæ «г» æмæ «гъ» — йыл та æддæмæ ахæцыдысты. Мæнæ æркæсæм æмæ фенæм: уыди ирон дзырд «хъаггæнын». Равзæрди раджы «гъæуай кæнын»-æй. «Гъæуай кæнын»-ы иу «хъ» дæр нæй, ныр, уымæй цы дзырд рауади, уый мах «хъ»-тæй байдзаг кодтам — «хъахъхъæнын». Æмæ уый æппæт «хъ»-тæ хурхы ныссæдзынц, нал уæлæмæ фæкомынц, нал — дæлæмæ. Уыди нæм æмбисонды дзæбæх фæлмæн дзырдтæ: лæджыгъæд, боныгъæд, хæрзгъæд. Мах сын сæ зыланггæнаг, сæ иронтуг «гъ»-тæ сыскъуыдтам сæ астæуæй æмæ сæ цуркæй къуырæгау тыхкъуырд ныккодтам уыцы æндæрæвзаг æлхынцъхурхон «хъ»-тæ: боныхъæд, лæджыхъæд, хæрзхъæд. Ныр уыцы «хъ»-джын дзырдтæй бæз-бæз кæнынц нæ газеттæ, нæ журналтæ, нæ чингуытæ. Æмæ лæгыл тас бафтытагъд тæнгъæд-ы бæсты «тæнхъæд» дзурын куы райдайæм, чыргъæд-ы бæсты — чырхъæд, мæгуыргъæд-ы бæсты мæгуырхъæд. Ныр «боныхъæд» цы журналист ныффыссы, уый цæуылнæ зоны, бонæн хъæд кæй, фæдæ йын «гъæд» кæй ис. Бонæн йæ гъæд æвдисы, бон цы хуызæн у — хур у, къæвда у, мигъ у. Хъуымацæн дæр гъæд ис, гæххæттæн дæр гъæд и, хорæн дæр гъæд и. Алцæмæн дæр гъæд и, хъæд нæ фæлæ. Лæгæн дæр. Æмæ йын йæ гъæд æвдисы, бæззы æви нæ бæззы, уый. Æмæ лæгмæ хъуамæ лæджыгъæд уа, лæджыхъæд нæ фæлæ. Æмæ дзырд «зæгъæн» «зæдхъæн»-æй куы рауади, ома хор задхъæн у, чи разади, ахæм гагатæ дзы ис. Æмæ уыцы къуырма «хъ» йæхи куы раивта зылангон «гъ»-мæ, уымæн раивта æмæ не 'взаг рагæй дæр æмхиц нæ уыди æлхынцъхурхон мыртæм, зылангон мыртæ уарзта.

Рагæй фæстæмæ не 'взаджы уыди æмбисонды дзæбæх дзырд, фидар дзырд, рæсугъд дзырд «фæлтæрд». Мах ыл бафтыдыстæм, нæ быны йæ скодтам æмæ йыл тыххæй къæдзил ныббастам æмæ дзы сарæзтам «фæлтæрдджын». «Фæлтæрд» ничиуал фыссы. Цæмæн афтæ рауади хъуыддаг, цы нæ фаг кодта «фæлтæрд»-æн? Цæмæн æй бахъуыди «джын»? Уыцы фарстытæн дзуапп ничи ратдзæн, ацы дунейы — дзуапдæттæг нæй, фыссæг — арæх, дзурæг — ноджы арæхдæр. Æмæ уæдæ цы нысан кæны дзырд «фæлтæрд»? Ирон адæммæ раджы заманты арæзтой чъеситæ. Чъеси у æлыгæй конд, тебæйы хуызæн тымбыл, фæлæ къуырф нæу — æмыдинг у. Хъæугæ та уымæн кодта, æмæ, цæнгæт пецтæ куы нæма уыд, уæд зест пецты кæрдзын кодта цъыхыры фых. Гъе æмæ-иу уыцы чъеси кодтой фæлтæргæ-фæлтæргæ кодтой, æлыгæй цыдæриддæр хæдзары дзаума арæзтой, уыдон иууылдæр. Цæмæй фидар уыдаиккой, ма састаиккой.

Даргæ сæ кодтой аууон ран, афтæмæй-иу сæ хурмæ дæр авæрдтой, артмæ дæр-иу сæ бадардтой — куыд фæстæмæ фылдæр. Афтæмæй-иу ныхсыст, ныхъхъæбæр-иу ис — сфæлтæрдта-иу æмæ-иу уыд фæлтæрд чъеци, фæлтæрдджын чъеци нæ фæлæ. Ам фæсæфтуан «д» хорз амоны чъецийæн йæ гъæд, ома цæттæ кæй у, скъуыдтæй йын тас кæй нал у, йæ уыцы хиæдтæ, æмæ йæм «джын» æфтауыны сæр æппындæр ницæмæн хъæуы. Афтæ у лæджы хъуыддаг дæр. Бирæ чи фæцæры, бирæ хъуыддæгты чи бахауы, уый сфæлтæры æмæ вæййы фæлтæрд. Къоста фыста:

> «Уалæ Инал дæр йæ урс бæхыл рацæуы,
>
> Йемæ йæ зæронд, йæ фæлтæрд æмгæрттæ».

Ноджы фыста Къоста:

> «Дæ фидар фæлтæрд риуæй хъусын хъæрзын».

Плиты Грис дæр фыста:

> «Уый уыд салдат, фæлтæрд зæронд салдат»

Уæдæ механизатор дæр нæу фæлтæрдджын, хъугдуцæг дæр, разамонæг дæр — уыдон сты фæлтæрд. Æмæ уыцы «джын»-æн йæ фæд агурын нæ хъæуы не ’взаджы, нæй йын дзы фæд. Чидæр æй ныффыста йе ‘нæрхъуыды æмæ йе ’нæмбаргæйæ уый кæмæдæр хорз фæкаст, уымæ дæр — йе ’нæрхъуыдыйæ, йе стæй сæ иннæтæ цалхæй-малхæй фæзмын байдыдтой: мах фæзмын уарзæм, уæлдæр куыд загътон, афтæмæй. Æмæ не ‘взаг байдзаг и уыцы къæдзилджын дзырдæй. Æндæр «рæгъæд кæрдо»-йæ куыд нæ и зæгъæн «рæгъæдджын кæрдо», афтæ нæй зæгъæн «фæлтæрдджын хъугдуцæг» дæр. Рæгъæд кæрдо, æнхъызт бæгæны, къуырттон карк, фæлтæрд сисамайæг — ацы дзырдбæстытæ, ома бæрæггæнæнтæ æмæ сæ фæстæ цы бæрæггæнинаг дзырдтæ ис, уыдон кæрæдзийыл баст цæуынц иу фæткмæ гæсгæ æмæ йын иу ран куыд нæ и бынат уыцы фыдбоны «джын»-æн, афтæ йын нæй бынат иннæ рæтты дæр. Æмæ, дам, уадз æмæ дыууæ хуызы дæр уа, — уый фæвæййы сæ ныхас нæ фысджытæй сæ иуæй-иутæн, сæ «демократондæртæн», кæй, дам, куыд фæнды, афтæ кæнæд дзургæ дæр æмæ фысгæ дæр. Нæгъ! Уый æгъдау нæу. Не ‘взаг у нæ иууыл стырдæр æмæ сыгъдæгдæр аргъуан æмæ йæм хъуамæ, кæй куыд фæнды, афтæмæй ма цæуа, кæй цы фæнды, уый йæм ма хæсса йемæ.

æвæццæгæн, сгæрст чи нæ фæуыдзæн адæмæн, ууыл ныхас кæнгæйæ, иунæг дзырд дæр никæй æвзагæй æрбайста Никъала, иууылдæр æй ныффыста нæхи ирон ныхасæй. Æмæ йæ адæймаг, мæнæ хорз аивадон уацмыс куыд кæсай, афтæ кæсы. Уæдæ мæнæ ацы чиныг — «Ирон ныхасы културæ æмæ стилистикæ» — ирон «наукон æвзагыл» фыст нæу? Уæдæмæ адæймаг йæхæдæг йæ мадæлон æвзаг нывыл куы нæ фæзоны, уæд йæхи рæстытæ фæкæны. Йæ лæмæгъдзинад... æвзаджы аххос кæны.

Дзырд ууыл цæуы, æмæ хъуамæ цин кæниккам, ахæм æвзаг нын кæй ис, ууыл. Стæй дзы хъуамæ æфсæрмы кæниккам, мах та дзы не 'фсæрмы кæнæм — нæдæр уыцы хæццæ-мæццæ хъуыдыйæдтæ куы фæдзурæм, уæд, нæдæр не стыр æмбырдты нæ тæрхоны лæгтæ искæй æвзагыл куы бафтынц, сæхицæн дæр æвзаг и, уый сæ куы ферох вæййы, уæд. Диссаг та куыд нæ у — цы адæмы 'хсæн цæрай, царды уынаффæтæ цы адæмæн кæнай, уымæн сæ йæхи æвзагыл ма кæнай, фæлæ æндæр адæмы æвзагыл. Афтæмæй фарсыл дæр куыд хъуамæ бахæцой уыцы уынаффæтæ — ирон удыртау сæ нæ вæййы, ирон фарн сæ нæ фæтæлфы!

Алкæмæй дæр æфсæрмы кæнæм, алцæмæй дæр, фæлæ не 'взагæй не 'фсæрмы кæнæм. Махмæ, фысджытæм, иу уырыссаг фыссæг уыд æмæ, не 'мбырдты уал фыссæгæй иу ирон дзырд никуы никæмæй схауди. Мах уал æмæ уалæй æфсæрмы кодтам нæ уырыссаг æмбалæй, уый нæ уал æмæ уалæй не 'фсæрмы кодта — ницæмæ дардта, махæн нæхицæн дæр æвзаг кæй ис, уый. Æмæ йæ хорз зыдтам — исчи нæ иронау исты загъта, сдзырддаг нын кодтаид не'мбырд, политикæ дзы сарæзтаид, чи зоны æмæ нæ националистæ дæр схуыдтаид. Æмæ уый аххос нæ уыди, нæхи аххос уыд — афтæ йæ сахуыр кодтам! Хæрз æрæджы уый тыххæй иу ахуыргæнæг газет «Рæстдзинад»-ы фыста. Нæ президент æвзæрстыты рæстæджы, президенты бынатмæ чи цыд, уыдонæй иумæ æмбырды иронау фарст радта. Æмæ йæ уый фæстæ йæ сыхаг — ацæргæ лæг, стæй æнæфенд дæр чи нæ уыд, ахæм — уайдзæфты бын фæкодта: дæуæй, дам, уый æнхъæл никуы уыдтæн, æмæ, дам, афтæ æнæуæздан æмæ æнæмбаргæ разындзынæ. Уæдæ, дам, дæ цæсгом куыд бахъæцыд, æмæ, дам, уый æппæт адæмы 'хсæн кандидаты куыд бафарстай иронау?!

Афтæ, гъе!

Иу хицау та, хæлардзинады хæдзар кæй хонынц (фысджыты цæдисæй, журналты редакцитæй, чиныгуадзæн æмæ æндæрæй кæм сты), уый хицау, йæ цуры иронау чи сдзырдта, уымæ куы аздæхид æмæ йæ, куыд фæзæгъынц, куыйты хæринаг куы бакæнид! Ам, дам, куысты дæ, уый дæ рох ма уæд, æмæ, дам, куысты цы æвзагыл дзурын хъæуы, уый зон æмæ ууыл дзур!

Æмæ æниу æхсæнадон бынæтты цы! Нæ ирон фынгыл не 'ртæ чъиририйæ куы фæкувæм, уæддæр ма æндæр æвзагыл кувынил куы фæхъарæм нæ уд немæ æндæр адæмыхæттытæй исчи куы фæбады фынгыл, уæд. Афтæмæй, алчидæр хорз зоны, ирон куывдæн скувæн ис æрмæст иронау, ирон зарæгæн æрмæстдæр иронау куыд и базарæн, афтæ.

Цæдис ма куы уыди, уæд иухатт стыр Калакмæ æрхуыдтой ирон фысджыты цæгатæй дæр æмæ хуссарæй дæр. Цæвиттон уым хъуамæ сырæзтаид тæлмацгæнæджыты иугонд æмæ разамынд лæвæрдтаид тæлмацгæнджыты куыстæн. Хъуамæ гуырдзиаг фысджыты уацмыстæ тæлмац цыдаиккой ирон æвзагмæ, ирон фысджыты уацмыстæ та — гуырдзиаг æвзагмæ.

Æмбырды ныхас цыди гуырдзиаг æвзагыл, æмæ махæй, ирæттæй алкæй фарсмæ дæр сбадын кодтой тæлмацгæнæг æмæ нын уырыссаг æвзагмæ тæлмац кодтой, ныхас цæуыл цыд, уыцы хъуыддæгтæ.

Махмæ диссаг фæкасти уыцы хъуыддаг, уымæн æмæ махмæ афтæ ничи бакодтаид, махмæ æмбырд уырыссагау аскъæрдтаиккой æмæ фæци. Махæн нæ фæткы нæй не 'мбырдтæ нæхи æвзагыл кæнын. Мах алкæмæйдæр æфсæрмы кæнæм, фæлæ махæн нæхицæй ничи æфсæрмы кæны. Мах нæ ирон фысджыты юбилейтæ æмæ сфæлдыстадон изæртæ дæр кодтам æмæ кæнæм уырыссаг æвзагыл. Диссаг та куыд нæу — ирон фыссæджы ирон фыстытыл ныхас кæнай æмæ иронау ма кæнай уыцы ныхас! Æмæ уырыссаг æвзаджы цы бирæ ихсыд ныхæстæ и — ад дæр кæм нал и æмæ уæз дæр, сæхæдæг сæхи бæрæгбонты кæй нал дзурынц, ахæм ныхæстæ, æмæ уыдон дзурыныл сбæндæн уай дæ ирон фыссæджы бæрæгбон! Цы ма уа уымæй æнæфенддæр æмæ хъæддагдæр хъуыддаг! Нæй æвзаг та, — мæгуыр йæ бон, рохуаты лæууы кæмдæр æнæхицау æмæ æнæ «мæн у» зæгъæгæй.

Ацы уац чи кæса, уый мæ зыгъуыммæ ма бамбарæд. Æз уырыссаг æвзаджы ныхмæ нæ дзурын. Алчидæр æй æмбары, нæ адæмы царды уырыссаг æвзаг цы ахады, уый. Нæ адæмæн уырыссаг æвзаг иттæг зынаргъ у. Уый куы нæ уыдаид, уæд ирон адæм иннæ адæмты æхсæн ныры кадджын бынаты нæ уаиккой. Мах иууылдæр ахуыр кодтам уырыссаг æвзагыл фыст чингуытæм гæсгæ, кастыстæм уырыссаг æвзагыл фыст газеттæ, журналтæ æмæ æндæр æрмæг. Мæнæн мæ ныхас æндæр æвзæгты ныхмæ нæу, фæлæ у ирон æвзаджы сыгъдæгдзинады тыххæй.

Ӕрæджы фæкомкоммæ дæн, нæ ахуыргæндтæ кæй ныффыстой, уыцы «Ирон орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ», зæгъгæ, уыцы чиныггонды æстæм фарсмæ æмæ дзы ахæм хъуыдыйад бакастæн: «Дзырдты райдайæны „з“ æмæ „с“-йæ цы æмхъæлæсонты къордтæ райдайынц, уыдоны, стæй дæргъвæтин „сс“-йы разæй фæхъуысы „ы“ кæнæ „æ“, фæлæ йæ фыссын нæ хъæуы, фыссын хъæуы: „згæ“, „змис“, „ссын“».

Гæр æмæ дзы иугæр хъуысы, уæд æй дзы цæй тыххæй нæ фыссæм? Ауæрдгæ кæнæм нæ «ы»-тæ æмæ нæ «æ»-тыл? Зæрдыл æрбалæууы Нигеры æмдзæвгæ:

«Мæй куыройы цалхау зилы,

Урс хæрдгæ ссад ссы».

Ацы дæргъвæтин «сс»-тæ куыд и зæгъæн æнæ «ы» кæнæ æнæ «æ»? Уый æмбарынц чиныгаразджытæ сæхæдæг дæр æмæ уыцы æгъдауы тæккæ бын бафыстой ахæм фиппаинаг: «...поэзийы ацы дзырдты райдайæны ритмы тыххæй хъæлæсон куы бахъæуы, уæд дзы фыссын æмбæлы „ы“». Гъеныр уый базар нæу, армукъа?

Уæд, зæгъæм, сколадзауты раз ис иунæг рæнхъ, поэзимæ ахæссæн дæр кæй ис æмæ прозæмæ ахæссæн дæр, ахæм рæнхъ, уæд та йæ куыд хъуамæ ныффыстой — «ы»-тимæ æви æнæ «ы»-тæ? Зæгъæм, мæнæ ахæм рæнхъ:

Куырой урс ссад ссы».

Стæй афтæ цæхгæр цæмæн лыг цæуы хъуыддаг — хъуысы дзы, фæлæ дзы нæ фыссæм? Цæй тыххæй дзы нæ фыссæм, кæд æвзаг йæхæдæг афтæ домы, уæд?!

Уыцы «Ӕгъдæуттæн» сæ æхсæзæм фарсыл кæсæм: «Ис ахæм дзырдтæ дæр, кæцыты ацы æмхъæлæсонты фæстæ ис æмæ фыссын дæр хъæуы „ы“».

Ацы хъуыдыйад у уырыссаг хъуыдыйад, уымæй дæр иронау æй рæгъмæ хæссынæн чи нæ бæззы, ахæм куы арæзтаиккам, уæд рауадаид мæнæ афтæ: «Ацы æмхъæлæсонты фæстæ

„ы“ фыссын кæм хъæуы, ахæм дзырдтæ дæр ис». Кæнæ æндæргъуызон дæр, æрмæст ын, «Æгъдæутты» автортæ йæ куыд ныффыстой, афтæ ныффыссæн нæй. Уыцы хылы-мылы ныхæстæй хъуыдыйад нæ рæзы.

«Æгъдæуттæн» сæ нудæсæм фарсыл кæсæм ноджы: «Вазыгджын дзырдтæ фыссæм, куыд хъуысынц, афтæ, ома, цы хицæн дзырдтæй конд вæййынц, уыдонæй дыккаджы райдайæны æзылангон æмхъæлæсон зылангон куы свæййы, уæд дзы фыссын хъæуы зылангон, æзылангонæй куы баззайы, уæд та дзы фыссын хъæуы æзылангон: галвæндаг, дурвæткъуы, галдзарм...».

Фыццаг уал зылангон æмæ æзылангоны тыххæй — цы сты, цы нысан кæнынц? Дзырд «зылангон» хауы, зыланг чи кæны, уыцы мыртæм, ам фæсæфтуан «он» комкоммæ амоны сæ уыцы хиад, мæнæ «æртæсыфон»-ы кæрдæгæн æртæ сыфы кæй ис, уый куыд амоны, афтæ. Уымæ гæсгæ, зылангонты кой куы кæнæм, уæд дзы ацы фæсæфтуан æнæмæнг хъæуы. Фæлæ зыланг чи нæ кæны, уыцы мырты кой кæнгæйæ та ма цæмæн хъуамæ фыссæм «он»? Адджын — æнад, фæрæзджын — æвæрæз, кадджын — æгад. Ам дыккаг дзырдтæм куы нæ хъæуы фæсæфтуан «джын» æфтауын, афтæ нæ хъæуы уым дæр «он» — нæдæр æй фыссын хъæуы, нæдæр — дзурын. Дыккаджы та фæбæлвырддæр кæнинаг уыд уыцы вазыгджын дзырдты æзыланг йæхи зылангонмæ кæм раивы æмæ кæм нæ раивы, уыцы хъуыддаг, фæбиноныгдæр кæнын хъуыд, растдæр куыд уыдзæн, уый. Кæд, уæлдæр кæй кой кодтон, уыцы вазыгджын дзырдты æзыланг «ф» йæхи ивы зылангон «в»-йæ: алывыд, алывæрсыг, уæд сæ æзыланг «х» цæуылнæ хъуамæ рахиза зылангон «гъ»-йæ; æмæ «алыгъуызон» цæуылнæ фыссæм, «алыхуызон» цæмæн фыссæм? Афтæмæй рæсугъддæр куы у дзырд, уыцы зылангон «гъ»-имæ, стæй æнæуи дæр æнцондæр дзурын куы у.

Рагæй фæстæмæ хъуыды кæнын иу къæдзыгыл — хъæуы æви нæ хъæуы? Дзырд цæуы, бабæтгæ-вазыгджын хъуыдыйæдты бæттæг «æмæ»-йы размæ цы къæдзыг æвæрынц не ‘взаджы дæснытæ, ууыл. Уым, дам, «æмæ» бæтты дыууæ сæрмагонд хъуыдыйады, ис, дам, дзы дыууæ сæйраты, дыууæ зæгъинаджы æмæ, дам, ын йæ размæ æвæрын хъæуы къæдзыг: «Дон раивылд, æмæ хидтæ фехæлдысты». Ам æцæгдæр ис дыууæ сæйраты æмæ дыууæ зæгъинаджы, ома у вазыгджын хъуыдыйад. Фæлæ ныр уыцы вазыгджын хъуыдыйадæй хуымæтæг хъуыдыйад куы саразæм: «Дон раивылд æмæ хидтæ фехæлдта», уæд вазыгджын хъуыдыйады мидис бирæ нæ аивта, æмæ хуымæтæг хъуыдыйад кæй сси, уый бæрæг кæнын хъæуы формалон æгъдауæй. Астæуккаг кары скъоладзаутæн — уыцы хъуыдыйæдтæ уыцы кълæсты ахуыр кæнынц — æнцон нæу уый равзарын æмæ ныссуйтæ вæййынц. Кæнæ райсæм ахæм хъуыдыйæдтæ: «Иса æмæ Зыбе кæрæдзимæ фæйнæ дзырды скодтой æмæ Зыбе ацыд». «Чермен ацыд æмæ Хазбиимæ дыууæйæ æрбацыдысты». Ам дыккаг хъуыдыйæдты сæрмагонд архайджытæ нæй,

фыццаг хъуыдыйæдтæй рахизынц дыккæгтæм, æмæ уæд та куыд? Уæд дзы уыцы æгъдаумæ гæсгæ æнæхъæн къæдзыг æвæрын не ’мбæлы? Æмæ, цæмæй уыцы ракæ-бакæйæ хызт уæм, уый тыххæй афтæ куы бауынаффæ кæниккам, æмæ бабæтгæ-вазыгджын хъуыдыйæдты бæттæг «æмæ»-йы размæ къæдзыг куы нæ æвæриккам. Мæнмæ куыд кæсы, афтæмæй æппындæр ницы æрцæуид нæ бабæтгæ-вазыгджын хъуыдыйадыл. Стæй ма уый зæгъын дæр хъæуы, æмæ дзы æнæуй дæр бирæтæ не ’вæрынц — уыдонмæ дæр афтæ зыны: нæ дзы хъæуы. Æмæ дыгъуырццæджы хос йеддæмæ ницы у. На уæд нæ хъæугæ цæмæн кæны уыцы æхсызгон, къæдзыг йеддæмæ ма исты у?

Æрæджы, хæрз æрæджы фæзынд не ’взаджы иу æнахъинон хъуыддаг: мивдисæг иуун нымæцы фыссын кæм хъæуы, уым дæр æй фыссын байдыдтам бирæуон нымæцы. Ам комкоммæ азым хауы нæ мыхуыры кусджытæм. Газет «Рæстдзинад»-æн кæцыфæнды фарсмæ æркæс æмæ дзы ахæм хъуыдыйæдтæ — хæрх: «Раджы кæддæр Уæрæсейы падздзах Кавказмæ куы ссыди, уæд йæ размæ æрвыст æрцыдысты кадджын барджытæ». «Æфсæддон техникæ кæй уæй кодтой, уый тыххæй цалдæр хистæр афицеры уырæд æрцыдысты Мæскуйы бынмæ гарнизоны». «Кремлы лæвæрд æрцыдысты паддзахады хæрзиуджытæ». Ам æртæ хъуыдыйады, дæр æрцыдысты фыссын дæр хъæуы æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, дзурын дæр æрмæстдæр иууон нымæцы. Бирæуон нымæцы чи æвæры мивдисæг, уый афтæ хъуыды кæны: иугæр номдар бирæуон нымæцы ис, уæд хъуамæ мивдисæг дæр уа бирæуон нымæцы. Уый та æвзагæн йæ мидахастытæ кæй не ’мбары, уырдыгæй цæуы, мæнæ цымæ адæмыхаттæй у, гыццылтæ базыдта æвзаг, йæ миддуне бамбарынхъом ын нæма у, уый хуызæн. Ахæмтæ хъуамæ мыхуыры куыстмæ æвваахс уагъд ма цæуикккой. Иннæ ахæм ацы «урæд æрцыдысты», «баурæдтой». Ам дæр та уыцы комкоммæ тæлмац уырыссаг æвзагæй, дзырдæй-дзырдмæ тæлмац. Цы нысан кæны дзырд «уромын»? Абайты Васойы «Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат»-ы ацы дзырдыл ныхас цæуы æнæхъæн стыр фарсыл, ис дзы бирæ цæвиттонтæ аргъæуттæ æмæ аив литературæйæ æмæ дзы, нæ мыхуыры кусджытæ цы хъуыды æвæрынмæ хъавынц, уыцы хъуыдыйæн йæ кой дæр нæй. Иронау уыцы дзырды ахъаззагдæр хъуыды у куыстмæ айсын, куысты бауромын. Мæнæ дыууæ цæвиттоны Васойы дзырдуатæй: «Хицæуттæ адæмæн сæхицæй баурæдтой хъалонисджытæ». «Борæ баурæдта хъаггæнæг алы хæдзарæй дæр дыууæ лæджы». Нæ мыхуырæй ист цæвиттонты та «уромын» амоны искæй æрцахсын, искæуыл æрхæцын. «Æрцахсын» — уыцы дзырдæй æвæццæгæн тæрсгæ кæнынц, ома куы ма йæ рауадзой, бынтон æй куы нæ æрцахсой, тæрхон ыл куы нæ скæной. Фæлæ ацы дзырд афтæ нæ амоны æмæ йæ цæргæ-цæрæнбонты ахæстоны дарой. Æрцахсæн ис, рауадзæн дæр ис. Æмæ дзы тæрсын нæ хъæуы. Кæд дзы тынг тæссагæй исты ис, уæд та фыссæд æмæ дзурæд: «æрхæцыдысты йыл». Уый æвваахсдæр у архайдмæ, бæстондæр æй æвдисы. Кæннæуæд дзырдæн йе ’цæг хъуыды ныддæлæ-уæлæ кодтам æмæ йын æй нал æмбардзыстæм, фесæфдзæн йе ’цæг хъуыды.

Æмæ ма ноджы цалдæр дзырды тæлмацы тæххæй. «Нæ футболон командæ рамбылдта 2:1 хыгъдæй». Афтæ дзурынц, афтæ фыссынц. Æмæ ныр хъуыдыйад æнæ «хыгъдæй» ныффысс, кæнæ радзур радиойæ, телеуынынæй «рамбылдта — 2:1», уæд, кæй рамбылдта «Алани» уый цæсты афтæ нал сахадид? На мæ йын æндæр ницы хуызы ис зæгъæн? Уæдæ уæд кæдæм тæлмац кæныс кæйдæр хъуыдыйад комкоммæ уыцы гуымиры хуызы! На уæд сæ зæрдæ та куыд нæ цъæх кæны алы хъазты фæстæ ахæм фыдзыкъуыр хъуыдыйад фыссынæй?! Иннæ ахæм «футболон командæ». Цыма футболæй арæзт командæ у! Футболы командæ, комы лæг (комон лæг нæ), боны фæтк (бонон фæтк нæ). Ацы дзырдбæстытæ иу нывыл карст сты æмæ сæ дзурын (стæй фыссын) дæр хъæуы иугъуызон.

Афтæ комкоммæ гуымыдза æмæ гуылмыз хуызы тæлмац кæнæм дзырд «уæвын» дæр. Абайты Васо, уæлдæр цы дзырдуаты кой кодтон, уым афтæ фыссы ацы дзырды тыххæй: «Нырыккон ирон æвзаджы йын ифтындзæджы формæтæ нæй, æрмæст æмбæлы фæрсагмийы хуызы — «уæвгæ». Нæгъ! Мах ыл ныййттæг стæм, нæ уд хъарæм искуыцæй йæм куы баирвæзиккам æмæ йæ куы зæгъиккам! Æмæ йæ дзурæм æмæ йæ фыссæм: «Уый знон уыди, абон та мæ рад у амондджын уæвын». «Адæмæн æй пайдайы лæг уæвын фæнды». «Æрыгон республикæйы сæйрагдæр хæстæ сты гуырдзиаг-ирон быцæуы ахастдзинæдтæ банывыл кæнын æмæ Цæгат Ирыстонимæ баиу уæвын». Æмæ афтæ дарддæр. Æмæ дис бафты лæгыл, стыр дис: ау, ацы хъуыдыйæдты ирон удызмæлд кæй нæй, уый чи не ‘мбары, уый йæ гæрзтæ цы ныфсæй рабаста фыссынмæ! Знаггады куыст кæй уæны, уый куыд нæ хъуамæ æмбарид — кæд æй йæ зонд нæ ахсы, йæ зæрдæ йæ хъуамæ хатид, кæд ма Иры хъæр хъуысы йæ зæрдæмæ, уæд.

Арæх, тынг арæх хъусæм нæ телеуынынадæй, нæ радиойæ, кæсæм нæ газетты мæнæ ахæм хъуыдыйæдтæ: «29 сентябрæй 10 октябрмæ Дзæуджыхъæуы цæудзæн Цæгат Кавказы национ театры фестиваль» (ставдфыст сæргонд) кæнæ: «Г. Мæскуйы цыдысты ерыстæ уæгъдибар хъæбысхæстæй». Цыдысты ерыстæ, цæудзæн фестиваль. Æвæццæгæн сыл адæм сахуыр сты, æндæр фæдис куыд нæ хъæр кæнынц?! Уæдæ ма искуы ерыстæ цæугæ æмæ фестиваль цæугæ исчи федта? Куыд хъуамæ цæуой, кæдæм хъуамæ цæуой?! Ам дæр архайы, уæлдæр цы гуымыдза дзырдæй-дзырдмæ тæлмацы кой кодтон, уый бархъомыс. Æндæр ацы хъуыдыйæдтæ ирон лæг куы арæзтаид нæхи ирон æвзаджы гæнæнтæм гæсгæ, уæд рауадаиккой мæнæ афтæ: «Г. Мæскуыйы уыди ерыс уæгъдибар хъæбысхæстæй». «29 сентябрæй 10 октябрмæ г. Дзæуджыхъæуы уыдзæн Цæгат Кавказы национ театры фестиваль». Æмæ сыл ирон æвзаджы æрмдзæф уыдаид.

Кæнæ — «нæ риссаг фарстатæ!» «Йæ раныхасы æрлæууыд нæ республикæйы риссагдæр фарстатыл». Рисгæ фæкæны дæндаг, сæр, зæрдæ, боныфæстагмæ тæн, лæг цæлмартæн куы вæййы, уæд. Фæлæ фарстатæ риссой, уый иратаманы нæма æрцыд. Æмæ куыд

хъуамæ риссой, кæд æмæ сæ цы рисса, ахæмæй ницы ис, уæд?! Нæгъ, нæ бæттæнтæ йæм тонæм, нæ цæнгтæ йæм ивазæм, хъуамæ йæм искæуылты æрбаласæм не 'взагмæ, иугæр уырыссаг æвзаджы фæзынди, уæд! Фæлæ мардæрцыд уый у, æмæ дзы уырыссаг æвзаджы ахæм стыгъд, ахæм уырыд хъуыды нæй. Уырыссаг æвзаджы фарстатæ (растдæр, кæй зæгъын æй хъæуы, фарстытæ уаид) сæхæдæг не сты рынчын, иронау куыд рауадысты, афтæ. Уым дуг æмæ рæстæг кæй æрдомдтой, ныхас уыцы фарстатыл цæуы, рынчын фарстатыл нæ фæлæ.

Худинаг æмæ аллайаг!

Æрæджы нæм фæстæмæ æрбаздæхт, Октябры революцийы агъоммæ арæх чи æмбæлд не 'взаджы, ахæм дзырд — «хъалон». Фæлæ йæ кæм дзурæм æмæ кæм фыссæм, уым хъуамæ фыссиккам æмæ дзуриккам æндæр ирон дзырд — «фиддон». Хъалон фыстой æлдæрттæн. Мæнæ ма Гæдиаты Секъамæ байхъусæм: «Æлдар Хады комæй хъалон иста, фæлæ Хъуды ком, Тырсыгом æмæ Хиуы ком сæрибар уыдысты, æлдарæн хъалон нæ фыстой». Фиддон та у, лæг, организаци, куыстуат хицауадæй цы хæс дарынц, уый. Æмæ уæдæ хъалоныл цы бафтыдысты нæ мыхуыры кусджытæ, цы йæ сæ разæй скодтой?!

Бынтон дзæгъæлы рохуаты уадзæм дыууæ рагон дзырды — не 'взаджы чи сфидар, чи дзы сфæлтæрдта, ахæм дыууæ дзырды: «хаццон» æмæ «нардуат». Мæнæ сын фæйнæ дæнцы: «Зæхх чысыл фылдæр кæмæ уыд, уый йæ хаццон лæвæрдта». «Лæппутæ куыстой нардуатæй æмæ-иу райсом, талынг ма уыд, афтæмæй фестадысты». Фæлæ сæ нæ мыхуыры кусджытæ æмгæрон нæ уадзынц газеттæ æмæ журналтæм, адæм, дам, сæ не 'мбардзысты. Æмæ сын сæ бæсты фыссынц «арендæ» æмæ «подрядæй куыст». Уыдон хуыздæр æмбарынц адæм!

Арæх хæццæ цæуынц дыууæ мивдисæджы «фæуын» æмæ «вæййын». «Фæуын» у иухаттон архайд æвдисæг, «вæййын» — бирæхаттон. Æмæ сæ иу иннæйы бынаты куы ныффыссæм (фæзæгъæм), уæд хъуыдыйад ныссуйтæ вæййы: «Колхоз „Хæлардзинад"-ы зæхкусджытæ фæвæййынц картоф къахт». Цу, ныр æй базон, куыд фæвæййынц, кæд фæвæййынц, цал хатты фæвæййынц? Ам, ай-гъайдæр, зæгъын дæр хъæуы æмæ фыссын дæр «фæуынц», ома рæхджы картоф къахт фæуыдзысты. Фæлæ кæмæдæр «вæййын» рæсугъддæр дзырд фæкасти, уæздандæр æмæ йæ ныффыста, стæй иннæтæ дæр уый бафæзмыдтой, уымæн æмæ уыцы дыууæ мивдисæгæй чи цы амоны, уый не 'мбæрстой.

Фæстаг рæстæджы, нæ цард æвæрæз кæнын куы байдыдта, уæд нæм фæзынди ногтæлмац дзырдбаст «æхцайы фæрæзтæ». Æмæ фæйнæрдыгæй нæ хъæр цæуы: «Нæй

æхцайы фæрæзтæ!» «Нæй æхца» — никæмæйуал фехъусдзынæ. Æмæ «æхца» бынтон æнæпайдайæ, бынтон æнæхъуаджы йæ фæдыл ралас-балас кæны йæхицæй дыууæйы дæргъæн дзырд «фæрæзтæ». Æмæ йыл цин кæнæм, нæ хъуырыл æй æгънæгæн бахуыиккам, бахуыйæн ын куы уаид, уæд.

Афтæ, гъе!

Æмæ, дам, не 'взаг нæ хæзна у, ахæм сæрмагонд сæргонд скодта ирон адæмон газет «Рæстдзинад». Нæ, нæ хæзна нæу не 'взаг, хæзна ницы у æвзаджы цур. Хæзна — цыфæнды хæзна фестæд — йæ бон у ахауа, фесæфа æмæ, кæмæй ахæуд, уый йæ царды кой кæна, стæй та йæ бон у æмæ ссара ахæм хæзна, чи зоны хуыздæр хæзна дæр. Æвзагæн афтæтæ гæнæн нæй. Æвзаг куы фæцуда, мæнæ мах æвзаг куыд фæцудыдта, афтæ, уæд адæмæн йæ цæстырухс мынæг кæны, хъусæй хорз нал фæхъусы, йе 'взаг йæ комы нал фæцарæхсы, йæ зæрдæйы хъустæ хорз æмæ æвзæр нал фембарынц, йæ уд тæхынхъом нал вæййы. Цыбыр ныхасæй йе 'взаг кæмæн фæцуды, уыцы адæм фæцуды йæхæдæг дæр æмæ йæ фæндагыл раст цæуынхъом нал вæййы.

Уæдæ æвзаг хæзна нæу, æвзаг йæ уд æмæ йæ цæст у адæмæн.

# Доклад.

## АДÆМЫ ФАРН ÆВЗАГИМÆ БАСТ У.

# АДÆМЫ ФАРН ÆВЗАГИМÆ БАСТ У.

Зæххы цъарыл цæрæг адæм дзурынц дыууæ минæй фылдæр æвзæгтыл, диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыты нымæц та хæццæ кæны дæсгай минтæм. Ирон æвзаджы ис дыууæ диалекты æмæ æхсæз ныхасыздæхты. Немыцаг æвзаджы та ис 300 диалекты бæрц. Æппæты фылдæр адæм дзурынц англисаг æвзагыл 300 милуаны бæрц 54 бæстæйы, испайнаг æвзагыл — 50 милуаны 20 бæстæйы, францаг 28 бæстæйы, араббаг 24 бæстæйы æмæ афтæ дарддæр. Æппæты фылдæр цы æвзæгтыл дзурынц, уыдон фылдæр адæм зонынц, стæй сæхæдæг рæзгæ дæр кæнынц. Чысыл адæм цы æвзæгтыл дзуры, уыдон та зонынц стæм адæм æмæ ахуыргæндтæ. Уымæй дæр кæнынц бонæй-бон къаддæр. Ничи уал сыл фæдзуры æмæ, сыл чи дзырдта, уыдонимæ амæлынц. Ахæм æлгъыст æрцыд XX æнусы кавказаг æвзæгтæй иу — убыхты æвзагыл. Дзурын-ма йыл чи зыдта, уый амард Парижы рынчындоны. Уырдæм ма йæм ахуыргæндтæ цыдысты æмæ йæ фарстой йæ мадæлон æвзаджы хицæндзинæдтæй.

Зæххы къорийыл цыдæриддæр æвзæгтæ ис, уыдон сты æппæт адæмты хæзна, æмæ дзы иу куы фæхъæуы, уæд уыцы хæзна фæкъахыр вæййы. Æппæт æвзæгтæ иумæ сты иу егъау оркестры хуызæн, æмæ дзы иу куы фæхъæуы, уæд ын иу хъæлæс нал фæфаг кæны. Уыцы æууæл хатынц дунейы ахуыргæндтæ, æмæ уыдоны хъæппæрисæй ЮНЕСКО 1999 азы рахаста уынаффæ, цæмæй æрвылаз дæр 21 февралы æппæт бæстæтæ дæр бæрæг кæной Мадæлон æвзаджы бон. Уый хъуамæ ахъаз кæна чысыл нациты æмæ адæмыхæттыты æвзæгтæ бахъахъхъæнынæн æмæ рæзын канынæн. ЮНЕСКО 2008 аз та расидт чысыл нациты æмæ адæмыхæттыты æвзæгты азæй. Хорз уыдаид, махмæ Ирыстоны та сæрмагондæй ирон æвзаджы азыл нымад куы æрцыдаид, уæд.

Ирон æвзаджы дзæвгар мингай дзырдтæ ис. Уыдонæй алкæцыдæр амоны кæйдæр, цыдæр, ис сын хи нысаниуæгтæ, баст сты бæлвырд æмбарынадтимæ. Иуæй-иутæ та дзы сты бирæвæрсыг хъуыдыйыл хæст, æвдисынц цалдæргай æмбарынады.

Бирæ нысаниуæгджын дзырдтæй æппæты арфхъуыдыджын, гуырахстджындæр, бирæвæрсыгдæр, æхцондæр, уæлвонгдæр, æрвондæр у фарн. Раст цыма йæм Хуыцауы комы тæф фæхæццæ, уыйау рæсугъд æмæ уæлмонц æнкъарæнтæ æфтауы адæймагыл. Фарн йæхимæ байста, зæххон царды цыдæриддæр хорзæй ис, уыдон. Ирон адæймаг æппæт æвæрццæг, раст хъуыддæгтæ дæр бæтты фарнимæ, амоны сæ, дзуры сæ фарнимæ. Фарн ын у адæймаджы Хуыцауимæ бæттыны фæрæз, царды рæстдзинад, хъуыддаджы, адæймаджы хæрзаудæндзинад, размæ цыды мадзал дæр æвæры фарны фæлгæты. Бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы. Фарн уæ хæдзары. Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæрдзæн. Фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ кæн. Фарнхæссæг фæу! Дæ фарн — бирæ! Уæ ныхасы — фарн. Амонд фарныл баст у. Фыдæлты фарн! Хистæрты фарн. Сылгоймаджы фарн. Фарн æмæ фæрныг æфсымæртæ сты. Хъуыддаджы фарн. Ныхасы фарн. Бинонты фарн. Æмæ сæ нымад чи фæуыдзæн ацы уæлвонг ныхæстæ. Фарнимæ дзырдбæстыты!

Фарн баст у æгъдауыл, рæстдзинадыл, куыстыл, хорз зæрдæйыуагыл, адæймагдзинадыл, Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадыл, уæлмонц æнкъарæнтыл, арфæйаг хъуыддæгтыл, хъæбатырдзинадыл, лæгдзинадыл, удуæлдай архайдыл. Æппæт уыдонæй равзæры удварн. Фарн адæймаджы уд сыгъдæг кæны, кадыл, намысыл æй æфтауы, хъару, ныфс æмæ хъомыс ын дætты.

Адæм сæ фарн куы фесафынц, уæд сæфы се ’гъдау æмæ се ’взаг дæр. Уый нæ, фæлæ æнæ фарн адæймаг адæмы хъæр нал фембары æмæ хъæддаг сырдæй уæлдай нæу. Бирæгъмæ дæр ма уды фарн ис, сывæллоны нæ хъыгдары. Цал æмæ цал цауы фехъуыстам, бирæгъ дзидзидай сабийы схаста, зæгъгæ. Таурæгъты æмæ æцæг царды дæр.

Фарн табуйаг дзырд у. Нымдгæнгæ йæ зæгъæм. Аргъуц дзы кæнæм. Ирон лæг йæ цардæмбалы, йæ фырты, йæ чызджы; ус йæ мойы кой ракæнынвæнд куы скæны, уæд, фыццаджыдæр, æнæмæнг зæгъдзæн: «Уæ (дæ) фарн фынæй уæд, кæнæ дæ фарн бирæ уæд, фæлæ...».

Фарнмæ бæллы алчидæр, тырны йæм. Чидæртæ йæ агурынц фæрныгады, тыхтонайы. Уыдон, кæй зæгъын æй хъæуы, тынг рæдийынц. Фарн адæймагæн йæ удмæ цæуы фæрнæйдзаг хъуыддæгтыл, зæрдæйы хорзæхыл, хæрзæгъдауыл.

Фарн адæймаджы бæллиц у. Уый цард уарзын кæны, æцæг фæрныгад уымæй цæуы. Ног чындзы йæ мойы хæдзармæ, йæ цæгатæй йæ хурæргом хæдзармæ, куы æрбацæйхæссынц, уæд къухылхæцæг æмæ æмдзуарджын, чындзхæсджытæ куыдхъæрдæрæй, сæ сидт уæларвмæ куыд хъуыса, афтæ фæдзурынц: «Фарн фæцæуы, фарн!» Æмæ иннæтæ ныхъхъæр кæнынц: «Амонд — йемæ!» Хызисæг ын йæ хыз куы фæисы, уæд дæр фарнмæ сиды: «Фарн, фарн, фараст лæппуйы æмæ иу цъæх чызг!». Къонайы алыварс иу-æй куы æрзилын кодтой, уæд дæр сæ нысан уыд, къонайы фарныл фарн æфтауæг цæмæй уа, уый.

Фарн цы хъуыддаджы нæй, уый хъуыддаг нæу, фыдракæнд у. Фарн цы адæммæ нæй, уыдон адæм нæма сты, хъæддæгтæ сты. Адæмы хъæр чи нæ æмбары, уымæ фарн никуы æрцæуудзæн. Йæ фыдæлтæй цы райста, уый дæр йæ цардвæндагыл фесафдзæн, æмæ йæм кæстæр фæлтæртæм адæттинаг ницы уыдзæн. Ирон фарн цæры алы æцæг ирон лæджы дæр, йæ ирондзинады, йæ æгъдæуттæ, адæммæ йæ ахастдзинæдты фæрцы. Ирон лæгæн æхсæнады уа, хистæрты, кæстæрты, сылгоймæгты, йе ’мкусджыты ’хсæн — кæмфæнды дæр йæ фарн цæуы йæ разæй. Фарн æм куы нæ уа, уæд та худинаг кæны ирон адæмы. Ирон адæймаг фыссæг уа, нывгæнæг, композитор, наукон кусæг йе сфæлдыстадыл æнæмæнг зыны йæ адæмы комытæф, сæ фарн. Ахæм уагыл куы нæ уа йæ архайд, уæд ын нæй, цæуыл æрлæууа, уый æмæ никæй хъæуы. Ныртæккæ ирон нывгæнджытæй чидæртæ тырнынц сæ адæмы уды фарнæй сæхи бахизынмæ. Фæнды сæ космосæй зæххы къоримæ бынмæ кæсын, алчидæр сæ йæхи куыд хона. Фæлæ афтæ нæ вæййы, куы ничи дын уа, уæд никæй дæ.

Æвзаджы алы дзырд дæр хæзна у. Риуылдаргæ дзындз фæрдгуыты басты цас фылдæр фæрдгуытæ уа, уый бæрц даргъдæр æмæ зынаргъдæр у. Æвзаджы дæр цас фылдæр дзырдтæ уа, уый бæрц у хъæздыгдæр æмæ фæрæзджындæр хъуыдытæ æмæ цæстуынгæ æрдзон фæзындтытæ зæгъынæн, уый бæрц ыл ныхас зæгъын æнцондæр у. Ууыл хъуыды кæнгæйæ мыхуыргонгд цæуынц

алыхуызон дзырдуæтты дæр. Кæддæр дзы сæ фылдæрæй нæ фыдæлтæ тынг пайда кодтой, ныр абоны фæлтæрæй рох кæнын райдыдтой, уымæн æмæ дзы иутæ цы æмбарынадтимæ баст уыдысты, уыдон нал сты, иннæты та ивынц уырыссаг æмæ æндæр æвзæгты дзырдтæ. Зæгъæм, хъуырылдаргæ зæрин босы бæсты дзурын райдыдтой сыгъзæрин цепочкæ. Æмæ цæмæй се 'ппæтыл мæрдырох ма бафта, уый тыххæй сæ æвзаджы ивылд доны гуылфæнмæ хъуамæ æппарой фысджытæ, журналисттæ — мыхуыры, радио æмæ телеуынынады кусджытæ, иронау дзурын чи зоны, уыцы разагъды ирон интеллигенци, уæд уыдон бафæзмдзысты иннæтæ дæр.

Ныхасæй зæрдæ скъахæн ис æмæ зæрдæ ссарæн дæр. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: йæ ныхас ын хæрæг уаргъæн нæ ахæсдзæн; уæззау дзуры; кæм цы зæгъа, уый нæ зоны; ныхас дыл нытътъæпп кæндзæн, æмæ сыстын нал бафæраздзынæ. Кæнæ йæ ныхас адæймаджы хуры тынтау рæвдауы; йæ ныхас арвæй цæрæн хæрзтæ уарæгау у дæ зынтæ дын ферох кæнын кæндзæн; йæ ныхас ныфсы хос у; уымæ хъусгæйæ зæрдæйыл базыртæ базайы, буарыл сой уарын рацæуы æмæ афтæ дарддæр. Ныхас та дзырдтæй конд у. Æмæ дзырд топпы фатæй рæстдзæвиндæр у, мысаныл арæхдæр æмбæлы.

Алы ирон дзырд дæр æвзаджы хæзна у. Пайда сæ кæнæм æндæр æвзæгтæй райсгæ дзырдты бæсты, дыгурон диалекты уой æви туаллаг, къуыдайраг, чысайнаг ныхасыздæхты — уæлдай нæу. Ирон æвзаг стыр цæугæдонау фæтæн æмæ уæрæх, хъæздыг æмæ фæрæзджын йæ къабæзтæй кæны.

Цыфæнды æвзаг дæр фидар, хъæздыг æмæ фæрæзджын у йæ дзырдтæй. Гъе уымæ гæсгæ нын ирон æвзаджы алы дзырд дæр хъуамæ уа хæзнайы хуызæн, æмæ сæ базонынмæ тырнæм. Кæй дзы нæ зоныс, уый дзырды нæ, фæлæ дæхи аххос у, æмæ йыл куы сæмбæлай, уазд ыл бацин кæн, дæ удæй йæ бахъарм кæн, æмæ дын уый дæр иуахæмы балæггад кæндзæн, дæ ныхас дын фæрæсугъддæр, фæмидисджындæр кæндзæн. Афтæ чи нæ кæны, ирон æвзагæй цы цалдæр дзырды базыдта, уыдонæй фылдæр йæхимæ æвввахс чи нæ уадзы, уыдон иронау нæ фæдзурынц, фæлæ хæццæ-мæццæ ирон-уырыссаг кæнæ ирон-гуырдзиаг æвзагыл. Уымæн æмæ сын ирон дзырдтæ нæ фæфаг кæны.

Ирон адæмæй бирæтæ се 'взаг ферох кодтой, иннæтæ йæ рох кæнынц, аннæтæ та йæм куыдфæндыйы цæстæй кæсынц. Æмæ йын уый æгъгъæд нæу, фæлæ ма йæм, хъæуа-нæ-хъæуа, хæссынц æцæгæлон дзырдтæ. Иуæй-иутæ та иронау фысгæйæ хъуыды кæнынц уырыссагау кæнæ гуырдзиагау æмæ басгуыхтысты ног дзырдтæ хъуыды кæнынмæ. Уырыссаг кæнæ гуырдзиаг дзырды мидис æвдисæг дзырд сæ ирон æвзаджы куы нæ фæарынц, уæд æй йæ хъуыдымæ гæсгæ комкоммæ ратæлмац кæнынц. Уыцы тæлмац наукæйы хуыйны калькæ. Æмæ уыцы хуызы низ ирон æвзагыл компьютерон вирусау куы стых уа, уымæй тæссаг у. Кæддæр 70–80 азы размæ уырыссаг дзырд руководитель чидæр ратæлмац кодта къухдариуæг, зæгъгæ, æмæ ма абон дæр хæмпæлгæрдæгау цæры ирон фысты æмæ ныхасы. Афтæмæй та руководителæн иронау зæгъæн ис цалдæр рæсугъддзырдæй: разамонæг, сæрдар, хицау æмæ æндæртæй.

Ирон æвзаджы ис дзырд армдарæг — покровитель. Къухимæ дзырдтæ та сты къухдарæн, къухдзæг, къухмæрзæн (сæрфæн), къухист æмæ æндæртæ. Кæнгæ дзырдбæстытæ сты хайад иста (архайдта) æмæ фæуд кæны (фæфæуы) дæр къæлæтты æвæрд иугай дзырдтæй сын сæ хъуыды зæгъæн куы ис, уæд æвзагæн тыхми цæмæн кæнæм? Уымæй дæр фæуд кæны хъуамæ ма уаид, фæлæ фæуыд кæны. Фæуд фæзæгъынц, къуыстилæй царвцæгъдгæйæ йæ сера куы атона, уæд. Цæгъдгæ-цæгъдын дзы туаг æхсыры уæлдæф æрæмбырд вæййы æмæ йын йæ уд къæбæлы хуынкъæй суадзын фæхъæуы. Стæй мивдисæг фæуыд, (фæфæуы) архайд кæронмæ фæци уый не 'вдисы, фæуд та æххæстгонд ми æвдисы.

Аллайаг у, иуæй-иу ирæттæ сæ мыггæгтæ иронау куыд сты, уый кæй нал зонынц, Куы дын æй зæгъа, уæд та йæ тæлмац кæны уырыссагæй. Уый фыдæй ныридæгæн иуæй-иу мыггæггæ иронау дæр фыссын райдыдтам дыууæ хуызы. Зæгъæм, Чысиатæй иутæ уырыссагау сæ мыггаг фыссынц Чшиевтæ, иннæтæ та — Кисиевтæ. Æмæ Кисиевтæй чидæртæ иронау сæхи фыссын райдыдтой Киситæй. Афтæ Дзанаевтæй — Джанайтæ, кæд æмæ иуыылдæр Дзанайтæ сты, уæд.

Ирон мыггæгтæн уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй базонæн дæр нал вæййы, афтæ аивынц. Æмæ сын уый æгъгъæд нæу, фæлæ ма сæ бынтон уырыссаг чи свæййы, ахæмтæ дæр ис. Зæгъæм, Берозтæ уырыссагау цæуынц Березов. Кæд

æмæ йæ бындур Бероз у, уæд æй цæмæн афтæ фыссынц? Кодзыртæ, Кодзыревы бæсты Козырев æмæ афтæ дарддæр.

Сæ мыггæгтæ иронау дæр раст нæ фыссынц иуæй-иутæ. Æмæ газеты, журналты, чингуыты фæрстыл уынæм иу мыггаг дыгай хуызы фыстытæ: Дзаттиатæ æмæ Дзадтиатæ, Джыккайтæ æмæ Джыгкайтæ, Белеккатæ æмæ Белегкатæ. Адон раст фыссыны тыххæй сæрмагонд параграф ис «Ирон орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæутты». Уым фыст ис: «Кæд дзырдæн (мыггагæн дæр) йæ арæзтмæ гæсгæ сбæрæггæнæн нæ уа, зæллангон æви æзæллангон æмхъæлæсон дывæр кæны, уый уæд дывæрæй фыссын хъæуы æзæллангон æмхъæлæсон, ома кк, пп, тт, цц, чч; аккаг, фароныккон, астæуккаг, æппарын, лæппу, цæттæ, дæттын, хæццæ, гыццыл, фыццаг, тыччы». Афтæ мыггæгтæ Дзаттиатæ, Джыккайтæ, Белеккатæ æмæ иннæты дæр.

Уæ зæрдыл ма æрлæууын кæнут ирон драматургийы бындурæвæрæг Елбыздыхъойы «Уæрæседзау»-ы — Муссæйы. Ссæдзаздзыдæй, цæттæ лæгæй (ирон адæммæ æхсæрдæсæмаздзыд лæджы бындзæфхад уыд) афтыд Уæрæсемæ. Фæци дзы бæрцæй фондз азы. Уыцы цыбыр рæстæгмæ æрбайрох кодта ирон адæймаджы уаг, йæ мадæлон æвзагæй та йæ ныхасы аразы арвистон. Байдзаг æй кодта уырыссаг дзырдтæй, уымæй дæр сæ раст нæ дзуры. Мæнæ афтæ: базалыстæн садится æмæ æндæртæ. Мæнæ йæ иу репликæ (дзуры йе 'мбæлццон уырыссаг Микъитмæ): «Молчи, иди домой, сакли спи надæ!» Йæхи æвзагæй йæм дзуры Микъит дæр: «Нет! Мæн спи нæ кæуы!... спи нæ кæуы, арак кæуы. Кæд дæу мад, Мишæ, (Муссæйæн йæ уырыссаг ном у Мишæ æмæ, кæимæ схъомыл, уыдоны дæр йæхимæ Муссæ дзурын нал уадзы) арак мæнæн не 'риса — кæр кæнын я! Арак падавайт мæнæн, Нана»!

Цыбыр ныхасæй, абоны бон ирон адæмы иу хай ирон æвзагæй арвистон куыд аразы, сæ ирон нæмттæ уырыссагмæ куыд тæлмац кæнынц (фыццаг дамгъæтæ ма дзы фæдзурынц. Мæнæ афтæ: «Муссæ — Мишæ), ахæм аллайаг митæ. Цæй æмæ ма сын сæ ныхæстæм нæ хъус æрдарæм:

«Уже ам дæ»?

«Сквазняк мæ ныддымдта æмæ фæпрастуд дæн».

«Мæ сердце мæ афтæ калол, æмæ акъахдзæф кæнын уже не смог».

«Маладеж хистæртæм нал хъусынц».

«Йæ почкæйы дур разынд».

Дысон нæм скорый помош дыууæ хатты уыд».

Афæстаг рæстæг бирæтæ рæсугъд ирон æвзагыл дзургæйæ хицæн ирон дзырдты æмæ терминты бæсты пайда кæнын райдыдтой уырыссаг дзырдтæ æмæ терминтæй. Афтæмæй мæрдырох æфтауынц сæ мадæлон æвзаджы иуæй-иу дзырдтыл.

Хъуыдыйаг у, ирон дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ алы ран алыхуызон кæй дзурынц, уый дæр. Дæлдæр цы дæнцæгтæ хæссын, уыдонæй растдæр, литературонтæ сты фыццаг дзырдтæ.

Рувас — рубас

Сылгоймаг — сыл

Сылыстæг, сылгоймæгтæ — сылтæ

Къам — ныв.

Гæды — гæди

Куыдз — кыдз

Дзул — зул

Дзидза — джиджа

Нæ куыст фæфæуы — нæ куыст фæуыд кæны

Рудзынг — рундзыг

О — ойы

Фысым бакæн — еблуагъæ. Еблуагъæ кæсгон дзырд у æмæ нæ цæмæн бахъуыд? Иронау фысым бакæн, саккаг кæн, фысым дын уыдзыстæм æмæ ма ноджы æндæр ирон рæсугъд ныхæстæй зæгъæн ис ацы хъуыды. Æндæр æвзæгты дзырдтæй æгæр куы пайда кæнæм, уæд не 'взагæй арвистон рауайдзæн. Æнæ уый дæр æй уырыссаг æвзаг йæ быны скодта. Уæдæ нæм Гуырдзыстонæй цы лыгъд ирон адæм æрцард, уыдон уасæг хонынц мамали, нартхор — симинди, цывзы — цицакъа, хъæдындз — хахуы, уырыдзы — стъапило, гогыз — джукъи, бабыз — уихи æмæ афтæ дарддæр. Уыдон иууылдæр сты гуырдзиаг дзырдтæ.

Разгъор-ма — ралидз-ма. Лидзгæ адæймаг кæны исчи йæ куы сура, уæд. Ома, искæмæй хи бахъахъхъæныны тыххæй. Стæй ма — цæрынмæ иу ранæй иннæ ранмæ.

Райсом — раксом

Хызисæг (къухылхæцæг, æмдзуарджын, хызисæг) — хуызисæг.

Дзыллон — дзыллæйон

Æнтыстджын куыст — æнтысгæ куыст

Дукани — магазин

Раззагдæртæ — раззагонтæ

Æфсирджын хортæ — æфсирон хортæ

Сывæллæтты рæвдауæндон — сывæллæтты цæхæрадон, кæвдæс

Артаг — æртаг

Иугонд командæ — баиуконд командæ

Доклад скодта — доклад сарæзта

Хæлцы дукани — хойраджы дукани. Дзырд хойраг цæуы хорæй. Ахæм дуканийы та вæййы хойраг, кæсаг, дзидза, царв æмæ æндæр хæлцы продукттæ дæр.

Фистæгæй цæуын — къахæй цæуын. Адæймаг къахæй цæуы, уæдæ къухæй! Цæуы ма бæхыл, машинæйыл, трамвайыл, поездыл, тæхы хæдтæхæгыл. Барæг-иу йæ бæхæй куы 'рхызт, уæд-иу нæ фыдæлтæ дзырдтой: «барæг æрфистæг».

Дзырд зокъо. Кæцыдæр хъæуты йæ хонынц къозо дæр. Къозо та амоны ома, тынг расыг. Арахъæй йæхимæ ægæр чи фæкæсы, уымæй ирон адæм фæзæгъынц: «Къозо расыг фæци, кæнæ ныкъкъозо». Хæрззæронд адæймагæй та фæзæгъынц «ныззокъо». Ис ма дзырд сокъо дæр. Бæласы зæнгыл цы зокъо разайы, уый хонæм сокъо. Хъæбæр æмæ хус кæй у, уымæ гæсгæ æнæмбæрстæй чи аззайы, уыцы хус хъæбæрæй, ныссокъо ис, зæгъгæ, фæзæгъæм.

Æнувыд куыст амынд цыд зæрдиагæй куыстæй, ноджыдæр ма зæгъæн ис разæнгард куыст, хъазуатон куыст. Дзырд æнувыд куыстимæ бабæттæн ис — æнувыд куыстыл. Æнувыд амоны адæймаджы ахастдзинад æндæр адæймагмæ, цæрæгоимæ архайдмæ кæнæ предметмæ. Зæгъæм, ус æмæ лæг кæрæдзийыл æнувыд сты, куыдз йæ хицауыл æнувыд у æмæ афтæ дарддæр.

Фидар къахдзæфтæ — домбай къахдзæфтæй. Кæддæр ирон адæм домбай хуыдтой зубры. Зубыртæ бирæ уыд нæ хæхбæсты. Сæ ирон ном баззад нæ фыдæлты цæрæн бынаты иу комыл — абоны Хъæрæсе-Черкесты алæмæты фæлладуадзæн къуым хуыйны — Домбай. Ам, æвæццæгæн, зубыртæ — домбайтæ уæлдай фылдæр уыд.

Зубыртæ — домбайты цуанæттæ фæцагътой. Бынтон сыскъуыдысты Кавказы (абон дзы чи ис, уыдон сты Белорусси æмæ æндæр рæттæй æрласгæ), фæлæ сæ ном, сæ хъару æмæ уæнгты конд нæ ферох ирон адæмæй. Ном бацахста уырыссагау лев цы сырды хонынц, уый ном цомахъы бынат. Уый хыгъд нырма дæр фæзæгъæм домбæйттæ арæзт лæппу, домбай къахдзæфтæ. Ома, абон зубыр кæй хонæм, ууыл хъуыды кæнгæйæ, афтæ дзырдтой нæ фыдæлтæ, æмæ уыцы дзырдбæстытæ æрхæццæ сты махмæ дæр. Æцæг сæ мах куы фæдзурæм, уæд цæуыл фæхъуыды кæнæм уæнгджын, уæззау æмæ тыхджын зубырыл æви рог, рæвдз æмæ фердæхтджын цомахъыл (левыл), уый бæрæг нæу.

Мæ хъæбул — хъæбул. Ирон адæм сæ æнахъом кæстæрмæ хъæбул, зæгъгæ, нæ дзурынц. Хонынц æй: мæ хъæбул, мæ лæппу, мæ чызг, мæ цæсты рухс, мæ урс уæрыкк æмæ афтæ дарддæр. Ома, дзырдты æвæрынц номивæгимæ. Афтæ ма мæ (нæ) мадыхай, мæ (нæ) хо, мæ (нæ) фыдыхай дзурæм æнæзонгæ ас усмæ, чызгмæ, лæгмæ. Æрмæст лæппу лæппумæ дзуры æнæ номивæгæй, æфсымæр, зæгъгæ. Йæ æнахъом кæстæрмæ хъæбул чи дзуры, уыдоны ныхасы хъæдыл фæзынд гуырдзиаг, кæнæ уырыссаг æвзаджы тæваг. Уыдонмæ: гуырдзымæ дзурынц швило, уырысмæ та — сынок.

Хъæукkaг, хъæууон — хъæуккон. Ам дзурæг баиу кæны дыууæ суффиксы.

Нуæзт, нозт, нуæзтам, нозтам — нызт, нызтам. Дзырдæн йæ уидаг у нуæзт, нозт. Дифтонг уæ кæнæ о ирон æвзаджы лæмæгъ хъæлæсон ы-мæ никуы рахизынц.

Фидауц — фидыд. Фидауц равзæрд мивдисæг фидауын-æй.

Фæдзурынц — дзурын байдайынц; фæкувынц — кувын байдайынц (райдайынц) хъæуа-нæхъæуа дзурæджы ныхасы свæййы бирæхаттон мивдисæг ивгъуыд афоны. Афтæмæй та байдайын (райдайын) амоны исты архайды райдайæн: кусын райдайын (байдайын), дзурын райдайын (байдайын), хос кæрдын райдайын (байдайын).

Ирон æвзаджы бирæ алыхуызон номивджытæ ис, фæлæ дзы ныхасы мидæг йед-æй фылдæр никæцыйæ пайда кæнæм. Дзырд — номдар уа, номивæг, нымæцон — уæлдай нæу, дзургæдзурын нæ куы айрох вæййы, уæд та нæм æххуысмæ не ’взаджы цъуппыл абады йед. Иуæй-иутæн та, ирон газет, чиныг чи нæ кæсы, радиомæ, телевизормы ирон равдыстытæм чи нæ хъусы, кæсы, ирон театрмæ чи нæ цæуы, уыдонæн ссис иронау сæ хъуыды зæгъыны фæрæз. Æмæ ахæмтæй бирæ хатт афтæ фехъусæн дæр вæййы: «Уæртæ йед йедæй йедмæ æргæпп кодта, йеды бакъуырдта. Йед йедæй рахаудта, йед асаст, æмæ йед йедыл анхъæвзта. Ома, уæртæ гæды рудзынгæй стъолмæ

ærgæпп кодта, дурын бакъуырдта, дурын стъолæй рахаудта, дурын асаст æмæ æхсыр пъолыл анхъæвзта.

Уырыссаг æвзаджы, дам, ис 80 мин дзырдæй фылдæр. Уыдонæй хуымæтæг адæймаг пайда кæны æртæ мин дзырдæй, А.С. Пушкин та — 25 мин дзырдæй спайда кодта йæ уацмысты. Цымæ ирон æвзаджы та цал дзырды ис, уый кæд базондзыстæм? Хуымæтæг ирон дзы цал дзырдæй пайда кæны? Нæ фысджытæй та ирон æвзаджы къæбицмæ арфдæр чи ныввалы? Фарстытæ бирæ, дзуапдæттæг кæд искуы исчи фæуаид. «Гъе, мардзæ, исчи»! «Хъæр мæрдæм дæр хъуысы».

Ирон æвзагæн абоны онг иу æххæст дзырдуат дæр нæма ис. Бынтон æххæст дзырдуатæн уæвæн нæй. Уымæн æмæ цард куыд цæуы, афтæ кæцыфæнды æвзаг дæр ивы, рæзы. Афтæ ирон æвзаг дæр. Фæлæ уæддæр йæ дзырдты 80 проценты дæр хаст нæма сты чиныгмæ. Орфографион дзырдуаты дзы чи ис, уыдонæй бирæты растфыссынад дæр у дызæрдыггаг. Ууыл сагъæс кæнгæйæ, газет «Рæстдзинад»-ы байгом кодтам ног иумæйаг сæргонд «Фæрсæм нæ ахуыргæндты». Уым мыхуыргонд цæуынц, сæ растфыссынад нæм дызæрдыггаг кæмæн кæсы, ахæм дзырдтæ. Нæ ахуыргæндты тæрхонмæ сæ хæссæм. Уадз æмæ сæм се ’ргом аздахой, ног дзырдуæттыл кусгæйæ ма сæм иу хатт æркæсой.

Ирон æвзаджы ис дыууæ дзырды:

Курдиат (уырыссагау — заявление), арæзт у курынæй æмæ

Куырдиат (уырыссагау — талант) — дзырд куырыхон (куырыхон лæг) дæр цæуы уымæй. Ома, ис æм Хуыцауæй куырдиат. Уæдæ сæ иухуызон — курдиат — цæмæн фыссæм?

Дзырдтæн æдде æмæ йеддæмæ сæ уидаг цæуы дыгурон диалекты дзырд æнде-йæ. Æнде-йы зæл н ирон диалекты рахизы д-мæ. Афтæмæй дыууæ дзырдæн дæр ис иу уидаг — д, уæд йеддæмæ-йы д æмæ т цæмæн фыссæм?

Ирон æвзаджы бæрцæй ис æртæ дзырды, Бæгъæм-æй чи райдайы, ахæмтæ Бæгъæмвад, Бæгъæмзæнг, Бæгъæмсар. Фæлæ цæмæдæр гæсгæ Бæгъæмвад фыссæм Бæгъæввад. Цæмæн хъæуы ахæм тых растфыссынад? Æви дзырдтæ кæмæ куыд хъуысынц, афтæ фыссын райдайæм?

Алы æвзагæн дæр ис йæхи мидæууæлтæ, мид-закъæттæ. Уыдон дзырдтæй кæнынц хъазæгау, сæ уидæгтæм сын не ’вналынц, æндæр сæ цынæ хуызы аивынц, ахæм нæй. Райсæм-ма мивдисæг дæттын. Мæнæ йын цытæ бакæнынц уыцы мидæууæлтæ, ныхасы дзы пайда кæнгæйæ: радтын, лæвæрд, рард, радт, радтæг æмæ афтæ дарддæр. Йæхи афтæ ивы æмæ ма дзы уидагæн — æнæивгæ хайæн — баззайы æрмæстдæр зæл д. Æвзагмæ æндæр æвзагæй дзырд куы æрбафты, уæд уый дæр уыцы мидæууæлтæ сæ джиппы ауадзынц æмæ йæхи дзырдты æнгæс свæййы, æцæгæлон ын у, уый зынæй рахатдзынæ. Афтæ кодта ирон æвзаг дæр æрбайсгæ дзырдтæн. Зæгъæм, адвокат агæпп кодта æвдакатæй (ныр æй афтæ нал фыссæм, ведро — бедра, коромысло — къæрæмис, форель — балер æмæ æндæртæ. Кæддæр ирон адæм Америк нæ дзырдтой, фæлæ Амырык, йæ иварон хауæны (гуырынон хауæны) хуыз та уыд Амырычы. Ныр дæр ацы дзырд к иварон хауæны рахизы ч-мæ — Америчы Иугонд Штаттæ. Афтæ Петербурджы та г рахизы дж-мæ. Уæд цымæ Оренбургы, Таганрогы, Красноярскы афтæ цæмæн фыссæм?

Арæх ныхас рауайы дзырдтæ сыгъзæрин æмæ уæливыхыл. Алы мыхуыры алыхуызон фыст цæуынц. Вазыгджын дзырдтæ сты, ома, дыгай уидæгтæй конд: сыгъ (сыгъдæг кæнæ сыгъд) + зæрин, уæли + вых, ома, къонайы фæнычы нæ, фæлæ уæлкъæй кæй сфыхтой, ахæм чъири. Сæ уидæгтæ бæрæг куы сты, уæд ма сæ алыхуызон цæмæн фыссæм? Тых растфыссынадæй логикон растфыссынад сабитæн сæ зæрдыл тынгдæр лæууы.

Раст мæм нæ кæсы, дыкъæдзыгты ист дзырдты кæрæттæ дефисимæ æддæмæ кæй хæссæм, уый дæр. Зæгъæм, колхоз «Ирыстон»-ы, санатори «Осетия»-йы, драмæ «Дыууæ хойы»-йæ æмæ афтæ дарддæр. Ацы растфыссынад диссаджы

фæлтæрæнтæ æвзарын кæны мыхуыры кусджытæн. Уæлдайдæр та скъоладзаутæн. Афтæ йыл фæцалх вæййынц суанг хистæртæ дæр ма æмæ фыссын райдайынц «Мах дуджы» нæ, фæлæ «Мах дуг»-ы.

Цæмæн хъæуынц уыцы уæлдай митæ, æнæуый дæр, дам, ирон грамматикæ зын ахуыргæнæн у, куы зæгъынц, уæд ын хуымæтæгдæргæнæн кæм ис, уым æй хуымæтæгдæр цæуылнæ кæнæм? Цæуылнæ фыссæм колхоз «Ирыстоны», драмæ «Дыууæ хойæ», санатори «Осетияйы» æмæ афтæ дарддæр? Уыцы дефис иннæ æвзæгты куы никæцыйы вæййы.

*В чем разница между хорошим и великим учителем? Хороший учитель развивает способности ученика до предела, великий учитель сразу видит этот предел.*

*Мария Каллас*












✉ **362003, г. Владикавказ**

**пр. Коста, 172**

☎ **(8-867-2)25-52-23**

Эл. почта: vladikavkaz30@list.ru

Официальный сайт: http://s30.uo15.ru


ГБОУ ДПО СОРИПКРО

# ПРОГРАММА

**семинара руководителей образовательных учреждений РСО - Алания «Повышение качества образования посредством эффективного управления современной образовательной организации»**

***(из опыта работы)***

**МБОУ СОШ № 30**
**9 ноября 2018 года**

# ПРОГРАММА

## проведения семинара руководителей образовательных учреждений «Повышение качества образования посредством эффективного управления современной образовательной организации»

### Начало семинара -9.45

- Вступительное слово Караева Людмила Андреевна директор МБОУ СОШ №30 «Повышение качества образования посредством эффективного управления современной образовательной организации»
- «Проектная деятельность» Караева Д.А. – учитель математики МБОУ СОШ №30
- «Расширение зоны использования ИКТ в условиях реализации ФГОС – школа будущего» Кочнева А.Н. – учитель начальных классов МБОУ СОШ №30
- Горохова Г.Е. – трехкратная олимпийская чемпионка по фехтованию, 10- кратная чемпионка мира по фехтованию

### Панорама открытых уроков

***Время проведения – 10.40-11.20***

| Предмет | класс | тема | кабинет | ФИО преподавателя |
|---|---|---|---|---|
| Математика | 3а | «Симметрия, симметричные фигуры» | 22 2эт | Битарова О.Б. |
| География | 9а | «Этнический и религиозный состав населения России» | 25 2эт | Ростунова Т.Я. |
| Математика | 6а | «Площадь многоугольника»» | 45 4эт | Габиева Л.Р. |
| Осетинский язык | 7в | «Мивдисæг» | 46 4эт | Фаданова И.В. |
| Физика, информатика (интегрированный урок) | 11а | «Исследование колебаний пружинного маятника» | 26, 2 эт | Могиленко Н.В., Дзиова М.П. |
| Физическая культура | 9в | «Совершенствование ранее изученных элементов акробатики. Развитие двигательных качеств методом круговой тренировки» | с/з 3эт. | Хачиянц Л.Б. |
| Русский язык и литература | 5а | «Милосердие.Это чудо или нет?» | 36 3эт | Гулиева А.Б. |
| Русский язык и литература | 7а | «Рука к перу, перо - к бумаге» | 33 3эт | Мамиева М.М. |
| Классный час | 3б | «Все мы разные, все мы равные» | 21 2эт | Кораева Э.Б. |

***11.20 - 11.50***

| | | |
|---|---|---|
| Внеклассное мероприятие | Актовый зал | Темирова З.Р. зам. по УВР<br>Туаева Х.Х. уч. ос яз. |

***12.00 Круглый стол.*** *Обсуждение открыть уроков*

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Сертификат

Настоящим удостоверяется, что

**Туаева Хадизат Хазбиевна**

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

создал(а) свой персональный сайт

http://multiurok.ru/id71715125/

Руководитель проекта
Тарасов Д.А.

15.12.2018
MUS597719

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# БЛАГОДАРНОСТЬ

За создание личной методической библиотеки
в рамках проекта «Мультиурок»

ПОЛУЧАЕТ

## Туаева
## Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

Общество с ограниченной ответственностью «Мультиурок» ИНН 6732109361 ОГРН 1156733012732 город Смоленск

04.01.2019
ВТ№1041627

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г., выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Свидетельство

**MUF1027825**

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

**учитель родного языка**

**МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ**

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

**"Урок "Мæргътæ – æрдзы фидауц" (интеграцион урок)"**

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:
https://multiurok.ru/files/urok-maergtae-aerdzy-fidauts-integratsion-urok.html

15.12.2018
Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

Общество с ограниченной ответственностью «Мультиурок» ИНН 6732109361 ОГРН 1156733012732 город Смоленск

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Свидетельство

MUF1033679

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Стыр дамгъæ бæстæты, горæтты, хъæуты, дæтты нæмтты."

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:
https://multiurok.ru/files/styr-damgae-baestaety-goraetty-khaeuty-daetty-naem.html

21.12.2018

Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

ОБЩЕСТВО С ОГРАНИЧЕННОЙ ОТВЕТСТВЕННОСТЬЮ «Мультиурок» ИНН 6732109381 ОГРН 1156733012732 ГОРОД СМОЛЕНСК

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# СВИДЕТЕЛЬСТВО

MUF1027788

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

**Туаева Хадизат Хазбиевна**

учитель родного языка
МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Презентация "Авд цухъхъайы.""

Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

15.12.2018

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ
http://multiurok.ru/files/prezentatsiia-avd-tsukhkhaiy.html

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Свидетельство

MUF1036845

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Домашние ремёсла и промыслы на Руси и в Осетии"

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:
https://multiurok.ru/files/domashnie-remiosla-i-promysly-na-rusi-i-v-osetii.html

Общество с ограниченной ответственностью «Мультиурок» ИНН 6732109381 ОГРН 1156733012732 город Смоленск

25.12.2018
Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Свидетельство

MUF1036833

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Ныхасы рæзтыл куыст. Нывгæнæг Бедойты Шалвæйы нывтæ."

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:
https://multiurok.ru/files/nykhasy-raeztyl-kuyst-nyvgaenaeg-bedoity-shalvaeiy.html

25.12.2018
Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

Общество с ограниченной ответственностью «Мультиурок» ИНН 6732109361 ОГРН 1156733032732 город Смоленск

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# СВИДЕТЕЛЬСТВО

MUF1042314

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

**Туаева Хадизат Хазбиевна**

учитель родного языка
МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Гом урок.Темæ: Фæззыгон фынтæ. Иумæйаг ахуыр"

Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

04.01.2019

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ
http://multiurok.ru/files/gom-urok-temae-faezzygon-fyntae-iumaeiag-akhuyr.html

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Свидетельство

MUF1042318

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Балцы Бетъырбухы (урок-экскурси)"

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:
https://multiurok.ru/files/baltsy-betyrbukhy-urok-ekskursi.html

04.01.2019
Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

ОБЩЕСТВО С ОГРАНИЧЕННОЙ ОТВЕТСТВЕННОСТЬЮ «Мультиурок» ИНН 6732109381 ОГРН 1156733012732 ГОРОД СМОЛЕНСК

мультиурок

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г.,
выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Свидетельство

MUF1042316

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Гом урок :Уыдысты фыццæгтæ... Тугъанты Махарбег"

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:
https://multiurok.ru/files/gom-urok-uydysty-fytstsaegtae-tuganty-makharbeg.html

04.01.2019
Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

Общество с ограниченной ответственностью «Мультиурок» ИНН 6732109361 ОГРН 1156733012732 город Смоленск

мультиурок

# Свидетельство

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ

"Гом урок «Мивдисæг. Хорз æмбал зын сахат сбæрæг вæййы.»"

АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:
https://multiurok.ru/files/gom-urok-mivdisaeg-khorz-aembal-zyn-sakhat-sbaerae.html

Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

04.01.2019
MUF1042313

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г., выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

# Свидетельство

мультиурок

НАСТОЯЩИМ УДОСТОВЕРЯЕТСЯ, ЧТО АВТОР

## Туаева Хадизат Хазбиевна

учитель родного языка

МБОУ СОШ № 30 Г.ВЛАДИКАВКАЗ

**ОПУБЛИКОВАЛ (-А) СВОЙ МАТЕРИАЛ**

"Гом урок «Хъомыладон куыст:«Уарз дœ бœстœ!»"

**АДРЕС ПУБЛИКАЦИИ:**
https://multiurok.ru/files/gom-urok-khomyladon-kuyst-uarz-doe-boestoe.html

Лицензия на осуществление образовательной деятельности № 5251 от 25.08.2017 г., выдана бессрочно Департаментом Смоленской области по образованию и науке

21.12.2018
MUF1033688

Руководитель проекта
Тарасов Д. А.

РЕСПУБЛИКА
СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

# ПОЧЕТНАЯ ГРАМОТА

# КАДЫ ГРАМОТÆ

РЕСПУБЛИКÆ
ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИ

Указом Главы
Республики Северная Осетия-Алания
*от 16 апреля 2014 года № 100*

*За многолетнюю и плодотворную деятельность в области образования*

***ТУАЕВА***
***Хадизат Хазбиевна***

награждена

**ПОЧЕТНОЙ ГРАМОТОЙ**
**Республики Северная Осетия-Алания**

**Глава**
**Республики Северная Осетия-Алания** **Т.Мамсуров**

РЕСПУБЛИКÆ
ЦÆГАТ ИРЫСТОН – АЛАНИ
АХУЫРАДЫ ÆМÆ НАУКОН МИНИСТРАД
ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ САХАРЫ БЫНÆТТОН
ХИУЫНАФФÆЙАДЫ АДМИНИСТРАЦИ
30 АСТÆУККАГ ИУМÆИАГАХУЫРАДОН
СКЪОЛА

РЕСПУБЛИКА
СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ – АЛАНИЯ
МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ
АДМИНИСТРАЦИЯ МЕСТНОГО
САМОУПРАВЛЕНИЯ ГОРОДА ВЛАДИКАВКАЗА
СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ
ШКОЛА № 30

362003, г.Дзæуджыхъæу,
Къостайы проспект, 172 тел. 41-11-19

362003,г.Владикавказ,
проспект Коста, 172 тел.: 41-11-19

№ 64 « 01 » 02 2019 г.

1. Объявлена благодарность за высокие достижения в научно-исследовательской работе с учащимися МБОУ СОШ №30(Приказ № 58, от 25.12.2015г.).
2. Объявлена благодарность за отличную подготовку учащихся к Муниципальному этапу Всероссийской олимпиады школьников. (Приказ № 71б, от 19.12.2017г.)
3. Объявлена благодарность за большой вклад в развитие учащихся СОШ №30, за сохранение традиций и развитие народного творчества и индивидуальных способностей учащихся (Приказ №75, от 27.12.2017г.).
4. Объявлена благодарность за большой вклад в сохранении традиций и духовного наследия предков, за развитие индивидуальных творческих способностей учащихся МБОУ СОШ №30(Приказ №26, от 25.05.2018г.).

Директор Караева Л.А.

РЕСПУБЛИКÆ
ЦÆГАТ ИРЫСТОН – АЛАНИ
АХУЫРАДЫ ÆМÆ НАУКОН МИНИСТРАД
ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ САХАРЫ БЫНÆТТОН
ХИУЫНАФФÆЙАДЫ АДМИНИСТРАЦИ
30 АСТÆУККАГ ИУМÆЙАГАХУЫРАДОН
СКЪОЛА

РЕСПУБЛИКА
СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ – АЛАНИЯ
МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ
АДМИНИСТРАЦИЯ МЕСТНОГО
САМОУПРАВЛЕНИЯ ГОРОДА ВЛАДИКАВКАЗА
СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ
ШКОЛА № 30

362003, г.Дзæуджыхъæу,
Къостайы проспект, 172 тел. 259664

362003,г.Владикавказ,
проспект Коста, 172 тел.: 259664

№ 62 «01» 02 2019г.

***V.Общественная и профессиональная активность педагога в качестве эксперта, члена жюри конкурса, участие в работе предметных комиссий, руководство методическим объединением.***

***14.Победители и призеры профессиональных конкурсов, рекомендованных Минобрнауки РФ,Минобрнауки РСО-Алания, Профсоюзнымии и иными общественными организациями.***

Справка

Дана **Туаевой Хадизат Хазбиевне,**учителю осетинского языка и литературы МБОУ СОШ№30 в том, что она участвовала в смотре- конкурсе учебных кабинетов образовательных учреждений города Владикавказа ***«Лучшие кабинеты по предметам гуманитарного цикла»***
и получила диплом II-й степени.

Директор Караева Л.А

АДМИНИСТРАЦИЯ МЕСТНОГО САМОУПРАВЛЕНИЯ Г. ВЛАДИКАВКАЗА
УПРАВЛЕНИЕ ОБРАЗОВАНИЯ

# Диплом

## II степени

награждается

Туаева
(фамилия)

Хадизат
(имя)

Хазбиевна
(отчество)

учитель осетинского языка и литературы
муниципального бюджетного общеобразовательного
учреждения средняя общеобразовательная
(полное наименование образовательной организации)
школа №30

занявшая 2 место в номинации
«лучшие кабинеты по предметам гуманитарного цикла»
в смотре-конкурсе учебных кабинетов
общеобразовательных учреждений г.Владикавказ

Руководитель ____ (подпись) А.Б. Тменов (имя, отчество, фамилия)

М.П.